eular
fighting rheumatic & musculoskeletal diseases together
70 anniversary 1947 - 2017

РЕСПУБЛИКА ИХТИСОСЛАШТИРИЛГАН ПЕДИАТРИЯ ИЛМИЙ - АМАЛИЙ ТИББИЁТ МАРКАЗИ

ILAR
INTERNATIONAL LEAGUE *of* ASSOCIATIONS *for* RHEUMATOLOGY

# HESH KESHIKTIRMEŃ, BÚGIN BAYLANISIŃ

## “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” akciyasına tiyisli qurallar toplamı

Qurallar toplamı haqqında túsinik beriw

**EULAR** baslaması menen ótkerilip atırǵan “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” akciyası, revmatizm hám tayanısh-háreket aǵzaları keselliklerin erte anıqlaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlew usıllarınan óz waqtında paydalanıw, insan hám jámiyetke tiygiziliwi múmkin bolǵan zıyan hám awırlıqlardıń aldın alıw múmkinligi haqqında eskertiwge qaratılǵan.

**Kampaniya** tabıslı ótiwi ushın **siziń** járdemińiz kerek boladı. «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń»- RTKlerine shalınǵan insanlardıń ómirin jaqsı tárepke ózgertetuǵın kúshli platforma bolıp, RTK menen baylanıslı bolǵan bársheni – densawlıqtı saqlaw sistemasındaǵı qánigelestirilgen uyımlar, medicinalıq birlespeler hám nawqaslar toparların – birden-bir maqset jolında jumıs alıp barıw ushın birlestiredi.

Bul qurallar toplamı, «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasınıń ulıwma kórinisin názerge usınıw menen birge, kampaniya hám nawqaslardı qollap-quwatlawǵa járdem beretuǵın tiykarǵı kórsetpe hám materiallardı óz ishine aladı.

Usı qızıqlı kampaniya ústinde siz benen birgelikte islewdi kútip qalamız. Siziń qollap-quwatlawıńız hám qosqan úlesińiz benen biz erterek diagnoz qoyıw hám emlew imkaniyatı ushın birgelikte jumıs alıp bara alamız!

Qurallar toplamı quramı

1. EULAR haqqında
2. “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” akciyasınıń ulıwma kórinisi
3. “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” akciyasına tiyisli tiykarǵı xabarlar
4. Brending hám súwretler
5. “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” akciyasına arnalǵan plakat
6. Ilaj boyınsha kórsetpe
7. Pútkiljáhán artrit kúni
8. Paydalı baylanıs maǵlıwmatları

**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw**
**#BúginBaylanısıń**

1.0 EULAR haqqında

Revmatizmge qarsı Evropa ligası (EULAR) – bul pútkil Evropa boyınsha artrit/revmatizm menen awırǵan insanlar, revmatologiya tarawındaǵı densawlıqtı saqlaw qánigeleri hám Evropa boyınsha revmatologiya ilimiy jámiyetlerin ózinde jámleytuǵın kommerciyalıq emes shólkem bolıp tabıladı.

EULARdıń maqsetleri insan hám jámiyet ushın RTKleri awırlıǵın páseytiw hám olardı emlew, aldın alıw hám reabilitaciya qılıw islerin jaqsılawǵa qaratılǵan. Ol izertlew jetiskenliklerin hám RTK lerine shalınǵan insanlarǵa kúndelikli kútim beriw jumısları jetilistiriliwin propaganda qılıw hám Evropa basqarıw organları tárepinen RTKlerine shalınǵan insanlardıń mútájlikleri tán alınıwı ushın gúresedi.

EULAR aǵzaları quramına ilimiy jámiyetler (atap aytqanda, medicinalıq jámiyetler), densawlıqtı saqlaw kásiplik uyımları, nawqaslar shólkemi, korporativ aǵzalar hám Evropa boyınsha RTKlerine shalınǵan insanlar kiredi.
Qosımsha maǵlıwmat ushın tómendegi saytqa kiriń: www.eular.org

## 2.0 “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń”

*«Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasınıń ulıwma kórinisi tómendegilerden ibarat:*

- *Kampaniyanıń maqsetleri*
- *Kampaniyanıń jergilikli hám global dárejede iske túsiriliwi*
- *Iskerligi xronologiyası*

### 2.1 “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń”- degenimiz ne?

**“Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń»** – bul pútkil Evropa hám jergilikli masshtabta ámelge asırılatuǵın kampaniya bolıp, ol adamlardı, atap aytqanda, medicinalıq qánigeler, shıpakerler, jámiyetshilik hám siyasatshılardı RTKlerin erte anıqlaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlew usılların óz waqtında paydalanıw imkaniyatına iye bolıwǵa shaqıradı. Ulıwma maqset – RTKlerin tiykarǵı kesellikler hám pandemiya dárejesindegi xalıq salamatlıǵı mashqalası sıpatında atap kórsetiw; sonday-aq, erte diagnoz qoyıw hám óz waqtında emlewge kirisiw, insan hám jámiyet ushın keyingi zıyan hám awırlıqlardıń aldın alıw múmkin ekenligin kórsetiw.

Integraciyalasqan kampaniya RTKleri boyınsha jumıs alıp baratuǵın shıpakerler, densawlıqtı saqlaw sistemasındaǵı qánigelestirilgen uyımlar hám nawqaslar toparların bir-biri menen baylanıstırıp, erte diagnoz qoyıwdı keshiktiretuǵın tosqınlıqlardı alıp taslawǵa járdem beredi. Usı másele boyınsha Evropa hám jergilikli dárejedegi xabarlardı birlestiriw hám jetkeriw, ózgerislerge tásir etetuǵın kúshli platforma menen támiyinleydi.

Kampaniya baslanıwı EULARdıń 70 jıllıǵına tuwrı keldi, yaǵnıy, ótkerilgen izertlewler hám medicinalıq qánigeler, shıpakerler hám nawqaslar arasındaǵı birge islesiwdiń 70 jıllıǵı belgilenedi.

**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw**
**#BúginBaylanısıń**

## 2.2. Kampaniyanıń maqsetleri

“Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” kampaniyasınıń maqsetleri tómendegilerden ibarat:

- RTKlerin erte anıqlaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlew usıllarınan óz waqtında paydalanıw, bunnan keyin insan hám jámiyetke jetkeriletuǵın zıyan hám awırlıqlardıń aldın alıwdıń áhmiyetin atap kórsetiw.
- Erte diagnoz qoyıwdı keshiktiretuǵın tosqınlıqlardı joq qılıw. Adamlar buwınları awırǵanına onsha itibar bermeydi hám olar kóbinese kesellik belgileri payda bolıwı menen dárhal shıpaker yamasa densawlıqtı saqlaw qánigesine jolıqpaydı.
- Kesellik aqıbetiniń aldın alıw maqsetinde, kesellikti ilajı bolǵanınsha erte hám durıs anıqlaw hám emlew ushın densawlıqtı saqlaw tarawı qánigelerin oqıtıw arqalı járdem beriw (revmatologiya mektebine muwapıq halda)
- RTKlerin erte anıqlaw hám óz waqtında dálillerge tiykarlanǵan emlew usılları boyınsha EULAR másláhátlerin atap kórsetiw.
- Nawqaslardıń ózleriniń jeke mútájliklerinen kelip shıqqan halda, RTKlerin optimal dárejede diagnostikalaw hám emlew xızmetlerin alıwında olardı qollap-quwatlawdı kúsheytiw.

## 2.3 Kampaniyanıń iske túsiriliwi

**Global dárejede iske túsiriliwi**

“Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” kampaniyasınıń global dárejede iske túsiriliwi **14-iyun kúni EULARdıń Madrid** qalasındaǵı Kongressinde bolıp ótedi. EULAR prezidenti, professor Gerd R. Burmester EULAR Kongressiniń ashılıw máresiminde kongress delegatların kampaniya menen tanıstıradı.

Bul bunnan keyingi global ilajlar, sol qatarda EULARdıń veb-saytındaǵı kampaniya haqqındaǵı maǵlıwmatlar jańalanıp barıwı hám press-relizler arqalı qollap-quwatlanadı.

**Jergilikli dárejede iske túsiriliwi**

Global dárejedegi iske túsiriw bir qatar milliy dárejede ámelge asırılatuǵın ilajlar menen qollap-quwatlanadı. Jergilikli iskerlikke mısallar tómendegilerden ibarat:

Lissabondaǵı siyasiy dóńgelek stol sáwbeti

Lissabondaǵı FABK (Fizikalıq Aktivlikti Bahalaw Kriteriyleri) ánjumanı menen bir waqıtta, Portugaliya Revmatizmge Qarsı Ligası fevral ayında erte diagnostikalaw temasında siyasiy ánjuman ótkerdi. Ilajdıń maqsetleri tómendegilerden ibarat edi:

- Siyasatshılar hám qarar qabıl etiwshiler arasında erte diagnostikalaw hám medicinalıq járdem alıw imkaniyatına iye bolıw áhmiyeti haqqında xabardarlıqtı asırıw
- Erte jantasıw milliy strategiyasınıń ekonomikalıq nátiyjeliligi haqqındaǵı dálillerdi názerge usınıw
- Pánler aralıq tarmaqtıń áhmiyetin tastıyıqlaw hám bekkemlew

Xabardı tarqatıw hám usı áhmiyetli temanı talqılawǵa járdem beriw maqsetinde, ilajda siyasatshılar, jurnalistler, shıpakerler, nawqaslar hám medicina tarawındaǵı qánigeler qatnastı. Erte diagnostikalawdı hár tárepleme talqılawda bir qatar bayanatshılar qatnasıp, tıńlawshılar bolsa olarǵa hár túrli sawallar beriw imkaniyatına iye boldı.

**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw #BúginBaylanısıń**

## Madrid qalasında ótkerilgen ilaj

Madridte 13-iyun kúni Madrid-Atocha temir jol vokzalında pilot ilajı bolıp ótedi. Ol misli poezdlar baylanǵanlıǵı kibi óz waqtında baylanısıwdıń áhmiyetin hám óz waqtında baylanıspawdıń aqıbetin kórsetiwge qaratılǵan. Álbette siz de poezd kibi baylanıs ornatıwıńız zárúr, al densawlıq boyınsha shaǵımıńız máselesinde shıpaker yamasa densawlıqtı saqlaw qánigesi menen baylanısıwıńız úlken áhmiyetke iye.

Ilaj Ispaniyanıń nawqaslar shólkemi (LIRE) tárepinen, Sociedad Española de Reumatología hám Ispaniya densawlıqtı saqlaw sistemasınıń revmatologiya boyınsha qánigeleri uyımı (Open Reuma) menen birgelikte ótkeriledi.Erte diagnostikalaw, óz waqtında dálillerge tiykarlanǵan emlew hám RTKleriniń jámiyetke tásiri haqqındaǵı xabardarlıqtı asırıw maqsetinde keń jámiyetshilik wákilleri menen sáwbetlesiw ushın ájayıp imkaniyat boladı. Oqıw materialları tarqatıladı.

### Kóp tarmaqlı vebinarlar

EULARdıń úsh ústini bolǵan – densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı qánigeler, ilimiy hám nawqaslar shólkemi ushın EULAR basshılıǵı astında **1 saatlıq eki kóp tarmaqlı vebinar** (iyun ayınan baslap ótkeriledi) ashıq boladı. Túrli waqıt zonalarına sáykeslestiriliw hám maksimal dárejede qatnasıw támiynleniwi ushın vebinar tákirar ótkeriledi (birdey quram hám bayanatshılar menen).

Vebinarlarda (densawlıqtı saqlaw qánigeleri, shıpakerler hám nawqaslar shólkemleri) erte diagnostikalaw hám shıpakerge erte jolıǵıwdıń áhmiyeti haqqındaǵı temalar hár túrli kóz-qarastan talqılanadı. Siz usı vebinarlar haqqındaǵı tolıq maǵlıwmattı EULARdıń rásmiy mirátnaması arqalı alıwıńız múmkin. Eger qatnasa almasańız, sessiyanı keyinirek júklep alıwıńız múmkin.

### 2.1 “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” kampaniyası xronologiyası

Tómende bul jılǵı kampaniya iskerliginiń tiykarǵı sáneleri kórsetilgen:

**Sáneler:**

- **23-26 fevral:** FABK (Fizikalıq Aktivlikti Bahalaw Kriteriyleri) ánjumanı
- **May:** Qurallardı jetkerip beriw
- **14-17 iyun:** Ispaniyanıń Madrid qalasındaǵı EULARkongressi
  - **14 iyun:** “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” kampaniyası kongress delegatların járiyaladı
- **Iyun:** Kóp tarmaqlı vebinarlar
- **12 oktyabr:** Pútkiljáhán artrit kúni

### 3.0 «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasına tiyisli tiykargı (gilt) xabarlar

Bul xabarlar EULAR hám densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı barlıq qánigeler toparları ushın móljellengen bolıp, olardan "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" temasında sáwbet ótkiziw yamasa kampaniya háreketleri sıyaqlı ilajlardı islep shıǵıwda paydalanıwıńız múmkin. Ótinish, erte diagnostikalaw, erte xabarlasıw yamasa «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasınıń hár qanday talqılaw prezentaciyalarında usı tiykargı xabarlardan paydalanıń.

#### Tiykargı xabarlar

- "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń"- EULAR(Revmatizmge qarsı Evropa Ligası) baslaması bolıp, onı EULARǵa aǵza bolǵan barlıq tarmaqlar, atap aytqanda, ilimiy aǵza jámiyetler, densawlıqtı saqlaw sistemasındaǵı qánigelestirilgen uyımlar hám FABK shólkemleri qollap-quwatlawı menen birgelikte, tiykargı maqseti erte diagnostikalaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlewden ózwaqtında paydalanıw áhmiyetin atap kórsetiwden ibarat.
- «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» akciyası keń jámiyetshilik, densawlıqtı saqlaw tarawı qánigeleri, shıpakerler hám siyasatshılarǵa revmatizm hám tayanısh-háreket sisteması keselliklerin (RTKleri) erte anıqlaw (diagnostikalaw) hám dálillerge tiykarlanǵan emlewden óz waqtında paydalanıw áhmiyeti haqqında maǵlıwmat beredi.
- Erte diagnoz qoyıw hám erte emlewge kirisiw, bunnan bılay RTKleriniń insan hám jámiyetke tiygizetuǵın zıyan hám awırlıqlarınıń aldın alıw hám páseytiw tiykarı bolıp tabıladı. Densawlıqtı saqlaw qánigeleri usı diagnostikalaw hám emlew jumısların ámelge asırıwda áhmiyetli rol oynaydı.
    - Eger revmatoid artrit belgileri anıqlanǵannan keyin 12 hápte ishinde-aq emlew baslansa, bul waqıt ótiwi menen buwınlar jemiriliwin minimum dárejege alıp keliwi hám remissiya itimalın asırıwı múmkin[1]
    - Bul kesellikke shalınǵan 4 adamnan 3 ewine fibromialgiya diagnozı qoyılmaǵan. Diagnoz qoyıwǵa orta esap penen 5 jıl waqıt ketedi[2]. Óz waqtında támiynlengen maǵlıwmat, dene tárbiya shınıǵıwları hám artıqsha salmaqtı azaytıw, osteoartrit aqıbetinde kelip shıǵatuǵın awırıw, nágiranlıq hám joldas keselliker qáwpin hámde buwınlardı operaciya jolı menen almastırıw zárúrligin páseytedi[345]
- Densawlıqtı saqlaw tarawı qánigeleri tómendegilerdi asırıwı múmkin:
    - RTK belgileri bolǵan nawqaslarǵa erte diagnoz qoyıw ushın shıpakerlerge jiberiw dárejelerin;
    - Nátiyjesiz emlew usılları arqalı kelip shıǵatuǵın zıyan hám keshigiwlerdiń aldın alıw ushın dálillerge tiykarlanǵan emlew usıllarınan paydalanıwdı.

---

[1] Van der Linden MP hám basqalar. Artrit kesselligine shalınǵan nawqaslarǵa diagnoz qoyıw keshigiwiniń uzaq múddetli tásiri. Artrit Rheum 2010; 62 (12): 3537-46
[2] Arnold LM hám basqalar. Fibromialgiyanıń tán alınıwı hám diagnostikasın jaqsılaw. Mayo Clin Proc 2011; 86 (5): 457-64
[3] Altman RD. Osteoartritti erte emlew. Am J Managed Care 2010;16:S41-7
[4] Anandacoomarasamy A & March L. Osteoartritti emlew ushın házirgi dáliller. Ther Adv Musculoskel Dis 2010;2:17-28
[5] Fernandes, L. hám basqalar. San hám dize osteoartritin farmakologiyalıq bolmaǵan tiykargı emlew ushın EULAR usınısları. Ann Rheum Dis 2013;72:1125-1135

**Járdemshi xabarlar**

- RTKlerine tek Evropanıń ózinde 120 millionnan artıq adamlar shalınǵan – bul basqa kesellik toparlarına qaraǵanda ádewir kóp[6].
- RTKleri barlıq jastaǵı insanlarǵa, sol qatarda balalar hám nárestelerge tásir etedi, eger kerekli emlew proceduraları ótkerilmese, ol júriw, tekshege miniw, awqat pisiriw, jeke gigiena hám jumıs islew kibi kúndelikli islerge tásir kórsetip, ómir súriw sapasın páseytedi[7].
- Eger Evropa Awqamında, RTKlerine shalınǵan adamlardı erte diagnostikalaw keńirek propaganda qılınǵanda hár kúni qosımsha bir million xızmetker jumısta bolıwı múmkin bolar edi[8].
- Adamlardıń jası úlkeyiwi hám semizlik dárejesi artıwı artrit kesellikleriniń kóbeyiwine alıp keledi[9]
- RTKlerine shalınǵan adamlar arasında klinikalıq qorqınısh hámdepressiya tarqalıwı, ulıwma xalıq arasında tarqalǵanına qaraǵanda shama menen eki ese kóbirek[10]
- Kampaniya baslanıwı EULARdıń 70 jıllıǵına tuwrı keldi, yaǵnıy, shıpakerler, den sawlıqtı saqlaw qánigeleri hám nawqaslar arasındaǵı birge islesiw hám izertlewlerdiń 70 jıllıǵı belgilenedi.
- Qosımsha maǵlıwmat ushın EULAR veb-saytına kiriń: www.eular.org

**Pútkiljáhán Artrit Kúnine tiyisli tiykarǵı xabarlar**

- Pútkiljáhán artrit kúni global dárejedegi baslama bolıp, EULAR tárepinen basqarıladı hám biraz keńirek bolǵan "Hesh keshiktirmeń, Búgin baylanısıń" kampaniyasınıń bir bólimin quraydı.
- Pútkiljáhán artrit kúniniń maqseti – bul RTKlerine shalınǵan insanlardıń mashqalaları haqqındaǵı xabardarlıqtı asırıw ushın adamlardı óz-ara birlestiriw bolıp, bul kún hár jılı 12 oktyabrde belgilenedi.
- Qosımsha maǵlıwmat ushın EULAR veb-saytına kiriń: www.worldarthritisday.org

---

[6] Revmatizm kesellikleri boyınsha sorawlar ham juwaplar. EULAR. Paydalanıw ushın derekler:http://www.eular.org/myUploadData/ files/Q-and-A-on-RMDs.pdf

[7] Revmatizm keselligi haqqında biliw zárúr bolǵan 10 nárse. EULAR. Paydalanıw ushın derekler: https://www.eular.org/myUploadData/files/10%20things%20on%20RD.pdf

[8] Jańa izertlewler kórsetiwinshe, Evropa awqamında hár kúni bir million qánige aralasıwı kesellik tásirin sezilerli dárejede páseytedi. Jumıs ushın Evropaǵa sáykes túrde paydalanıwǵa múmkin bolǵan derekler: http://blog.fitforworkeurope.eu/2013/10/16/new-study-reveals-intervention-that-could-significantly-reduce-impact- of-one-million-eu-workers-needlessly-off-sick-each-day/

[9] Artritke shalınǵanlar sanı asıwı dawam etpekte, CDC esabatları. Búgingi kúndegi fibromialgiya jańalıqları, paydalanıw ushın derekler: https://fibromyalgianewstoday.com/2017/03/10/number-of-us-adults-with-arthritis-continues-to-increase-cdc-says/

[10] Geenen R hám basqalar. Revmatizm kesellikleri hám qorqınısh yamasa depressiyaǵa ushıraǵan nawqaslar menen psixologiyalıq islesiwler. Eń jaqsı ámeliyat hám izertlew, klinikalıq revmatologiya 2012;26:305–19

## 4. Brending hám súwretler

*Bul bólimde kampaniyanı qollap-quwatlaw maqsetinde siziń paydalanıwıńız yamasa sáykeslestiriwińiz ushın islep shıǵılǵan materiallar forması názerińizge usınılǵan*

Kampaniya logotipi kampaniya dawamında, siz rejelestiriwdi qálegen ilajlarda hám hár qanday prezentaciyalarda paydalanıwıńız ushın islep shıǵılǵan. Sáykeslestiriw/awdarma qılıw ushın joqarı anıqlıqtaǵı súwretler berilgen fayllar bar.

Másláhát: tiykarǵı (gilt) xabarlar materiallar/prezentaciyalardı islep shıǵıwdı baslaw ushın ájayıp járdem bolıp tabıladı.

**Kampaniya logotipi**

## 5.0 “Hesh keshiktirmeń, Búgin baylanısıń” plakatı

Kampaniyanıń gilt xabarları haqqında ulıwma maǵlıwmat beriwshi oqıw plakatı islep shıǵıldı.

Kórkem fayllar usı qurallar toplamınıń bir bólegi sıpatında awdarma qılıw hám sáykeslestiriwde paydalanıladı.

Plakattı nawqaslar menen sáwbetlesiwde járdemshi sıpatında basıp shıǵarıp, onı klinikańızdıń diywalına ildirip qoyıwıńız múmkin.

HESH KESHIKTIRMEŃ, BÚGIN BAYLANISIŃ



“Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń”- EULAR(Revmatizmge qarsı Evropa Ligası) baslaması bolıp, onı EULARǵa aǵza bolǵan barlıq tarmaqlar, atap aytqanda, ilimiy aǵza jámiyetler, densawlıqtı saqlaw sistemasındaǵı qánigelestirilgen uyımlar hám FABK shólkemleri qollap-quwatlawı menen birgelikte, tiykarǵı maqseti erte diagnostikalaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlewden ózwaqtında paydalanıw áhmiyetin atap kórsetiwden ibarat.

Revmatik ha’m tayanish- ha’reket ag’zalari keselliklerinin’ 200 ge jaqin tu’ri bar bolip, ol barshe jastag’i adamlarg’a ta’sir qiliwi mu’mkin.

Erte diagnoz qoyıw hám erte emlewge kirisiw, bunnan bılay RTKleriniń insan hám jámiyetke tiygizetuǵın zıyan hám awırlıqlarınıń aldın alıw tiykarı bolıp tabıladı.

Eger o’zinizde RTKlerine guman qilip atirg’an bolsan’iz, qa’niyge shipakerge mu’rajat etin’.



Revmatik ha’m tayanish- ha’reket ag’zalari keselliklerin emlewde to’mendegi qa’niygelerge mu’rajat etiwin’iz mu’mkin:

Uliwma a’meliyat shipakeri, revmatologler, basqa tar qa’niyge shipakerleri, fizioterapevtler, terapevtler, miyrbiykeler, awriw boyinsha qa’niygeler, pediatrlar, socialliq jumishilar.

EULARdin’ uliwma keshiktirmen’, Bugin baylanisin’ aksiyasi menen Revmatik ha’m tayanish- ha’reket ag’zalari kesellikler haqqinda ko’plew mag’liwmat aliw ha’m jergilikli

- FABK nawqaslar sho’lkemi
- Medicinaliq/ilimiy sho’lkemler
- Den Sawliqti saqlaw qa’niygeleri.

...menen baylanisip erte mu’rajat etiw ha’m diagnozlawdi jolg’a qoyiw mu’mkin.

Nawqaslar Revmatik ha’m tayanish- ha’reket ag’zalari kesellikler tarawindag’i aqirg’i ilimiy jetiskenliklerge tiykarlanip emleniwden keshiktirilmegen halda paydalaniw huqiqina iye.

#BúginBaylanısıń

eular
Revmatik & tayanch-harakat tizimi kasalliklariga qarshi birgalikda kurashish

**Revmatikalıq & tayanısh-háreket sisteması kesselliklerine qarsı birgelikte góresiw #BúginBaylanısıń**

## 6. Ilaj boyınsha kórsetpe

*Bul bólimde kampaniya ilajların rejelestiriw boyınsha kórsetpeler, sonıń menen birge, siz ótkermekshi bolǵan ilajlar túrinde mısallar keltirilgen.*

«Hesh keshiktirmeń, Búgin baylanısıń» baǵdarlamasın qollap-quwatlaw maqsetinde, ilajdı rejelestiriw yamasa qollap-quwatlawdı qáleseńiz siz kampaniya haqqındaǵı maǵlıwmattı RTK jámiyetleri arasında hám jánede keńirek qatlamlarǵa tarqatıwǵa járdem beriwińiz múmkin.

Ilajdı shólkemlestiriwde sizge basqa jergilikli densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı qánigeler, medicinalıq jámiyetler hám nawqaslar shólkemi menen birge islesiwdi usınıs etemiz.

Sonday-aq, siz jergilikli FABK shólkemi menen baylanısıp, olar jámiyetshilikti xabardar qılıw ilajın rejelestirip atırǵanı haqqında biliwińiz hám olarǵa beriletuǵın járdemińiz haqqında anıqlıq kirgiziwińiz múmkin. Mámleketińizde ilajdı qollap-quwatlaw yamasa ótkeriw boyınsha tómendegi ayırım kórsetpelerdi tabıwıńız múmkin.

### 6.1 Jergilikli FABK shólkemi tárepinen ótkeriletuǵın ilajlardı qollap-quwatlaw

Eger siziń jergilikli FABK shólkemińiz jámiyetshilikti xabardar qılıw ilajın ótkerip atırǵan bolsa, den sawlıqtı saqlaw tarawı qánigeleri tárepinen járdem beriwdiń bir neshe jolları bar:

1. Jergilikli FABK shólkemi menen baylanısıp, olardıń rejeleri haqqında xabardar bolıń.
2. Erte diagnostikalaw yamasa dálillerge tiykarlanǵan emlewge óz waqtında kirisiw boyınsha birge islesiw haqqında ótkeriletuǵın baslańǵısh dodalawlarda qatnasıń.
3. Jergilikli FABK (Fizikalıq Aktivlikti Bahalaw Kriteriyleri) shólkemleri tárepinen ilaj qollanbaları tayarlanıwı processinde, erte diagnostikalaw boyınsha paydalı izertlew maǵlıwmatları menen bólisiń.
4. Ilaj hám ǵalaba xabar qurallarında sóz sóylew ushın ilimiy wákil sıpatında shıǵıw haqqında oylap kóriń

### 6.2 Óz ilajıńızdı ótkeriwdiń áhmiyetli tárepleri:

Tómende ilajdı shólkemlestiriwde itibar beriwińiz kerek bolatuǵın ayırım kórsetpeler berilgen:

- Siz óz mámleketińizde RTKlerin erte diagnostikalaw hám emlew máselelerin talqılaw ushın RTK boyınsha jámiyettiń tiykarǵı wákilleri qatnasıwında dóńgelek stol sáwbeti yamasa ánjuman sıyaqlı ilajlar ótkeriwińiz múmkin
    - Siz erte diagnostikalaw boyınsha sońǵı izertlew nátiyjeleri hám tiyisli statistikalıq maǵlıwmatlar menen bólisiwińiz múmkin
- Siyasatshılar, jurnalistler, nawqas wákilleri, densawlıqtı saqlaw tarawı qánigeleri hám shıpakerlerdi RTKlerdiń aqıbeti hám erte diagnostikalawdıń áhmiyetin talqılaw ushın ilajda qatnasıwǵa mirát etiń
- Erte diagnostikalaw hám medicinalıq járdem alıwdıń áhmiyetliligi haqqındaǵı temalar menen tanıstırıw ushın tiykarǵı bayanatshılardı qosıń,sonday-aq tıńlawshılarǵa sawallar beriw imkaniyatın jaratıń.
- Siz ilajda qatnasıwshılardıń dıqqatın belgili bir tema yamasa jaǵdayǵa yaki biraz keńirek bolǵan barlıq RTKlerin erte diagnostikalaw temasına qaratıwıńız múmkin

**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw #BúginBaylanısıń**

- Ilaj sheńberinde qatnasıwshılardı kishi toparlarǵa ajıratıp, aqılıy hújim yamasa diskussiyadan ibarat sekciyalıq sabaqlar yamasa seminarlar ótkeriwińiz múmkin (bunıń ushın bos orın qarastırıń).
- Eger siz ilajda qatnasıp atırǵan bolsańız RTKlerdiń aqıbeti, erte diagnostikalaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlewge óz waqtında kirisiwdiń áhmiyeti temasındaǵı kóp tarmaqlı panel dodalawın qosıwdı kórip shıǵıwıńız múmkin.
    - Bunıń ushın mısal retinde 2.3. bólimde kórsetilgen Portugaliyanıń Lissabon qalasında ámelge asırılǵan jumıslardı keltiriń.

**Ilaj ótkeriletuǵın sáne**

Global dárejede kampaniyanıń iske túsiriliwi EULAR kongressinde (14-iyun kúni) bolıp ótedi, bir waqıttıń ózinde Ispaniyada da ótkeriledi. Jergilikli dárejedegi ilajdı úlken áhmiyetke iye bolǵan Pútkiljáhán artrit kúni yamasa milliy xabardarlıq kúninde ótkeriwdi másláhát etemiz.

Ilaj waqtı da úlken áhmiyetke iye – barlıq tiykarǵı miymanlar hám bayanatshılardıń dóńgelek stol sáwbeti yamasa ánjumanda qatnasıwı támiyinleniwine itibar qaratıń.

**Adamlardı ilajıńızda qatnasıwǵa mirát etiń**

RTKleri boyınsha jámiyet aǵzalarınıń qatnasıwına da kewil bóliń. Ilajıńızda qatnasatuǵın bayanatshılar sanı hám kimler qatnasatuǵını haqqında oylap, olarǵa aldınnan eskertip qoyıń.

Siz adamlardı tómende berilgen maǵlıwmatlardı kórsetken halda elektron pochta yamasa xat arqalı mirát etiwińiz múmkin:

- Ilaj ótkeriletuǵın orın, sáne hám waqıt
- Jıynalıstıń kún tártibi
- Kiyiniw dress kodı boyınsha maǵlıwmatlar (eger zárúr bolsa)
- Mirátnamada ózińiz benen baylanısıw ushın kerekli maǵlıwmatlardı kórsetiń, mirát etilip atırǵan adamlar menen baylanısıw ushın zárúr maǵlıwmatlardı sorań.

Materiallarıńızda kampaniya logotipinen biymálel paydalanıwıńız múmkin

## 7.0 Pútkiljáhán artrit kúni

*Bul bólimde 2017 jıldağı Pútkiljáhán artrit kúni iskerligine tiyisli mağlıwmatlar berilgen bolıp, olar elede keńirek bolğan «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasına sáykes túrde sáwlelendirilgen.*

Pútkiljáhán artrit kúni (PAK) – bul revmotoid artrit hám osteoartrit kibi kópshilikke jaqınnan tanıs bolğan keselliklerden baslap, fibromialgiya kibi RTKlerdiń onsha tanıs emes formaları menen awırğan insanlar mashqalaları haqqında xabardarlıqtı asırıwda adamlardı óz-ara birlestiretuğın global baslama bolıp tabıladı.
Hár jılı 12-oktyabr Pútkiljáhán artrit kúni dep tán alınğan. PAK elede keńirek bolğan «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasınıń bir bólimi bolıp tabıladı.

PAK maqsetleri:

- Medicinalıq jámiyetler, RTKlerine shalınğan insanlar hám keń jámiyetshilik arasında RTKleri haqqındağı xabardarlıqtı asırıw
- Qarar qabıl qılıwshılardı RTKleriniń aqıbeti hám olardı jeńillestiriw boyınsha kóriletuğın shara-ilajlar haqqında xabardarlıqtı asırıw arqalı ğalabalıq siyasatqa tásir ótkeriw
- RTKlerine shalınğan adamlar hám olardıń tiyisli ğamxorlıq alıwı ushın móljellengen keń kólemli qollap-quwatlaw sisteması haqqında xabardar qılıw

**Pútkiljáhán artrit kúni menen baylanıslı háreketler orayında – kampaniya videoroligin tayarlaw hám tarqatıw salmaqlı orın tutadı.**

Video adamlardı densawlıqtı saqlaw tarawı qánigesi hám shıpaker menen erte baylanıs ornatıwğa úndeydi hám erte diagnoz qoyıw hám durıs emlew áhmiyetin jáne bir márte tastıyıqlaydı. Bul video PAK veb-saytında hám sociallıq media kanallarda 12 oktyabrden baslap kórsetile baslaydı hám jergilikli iskerlikte paydalanıw ushın usınıladı (12 oktyabrge shekem embargo astında). Pútkiljáhán artrit kúni yamasa oğan jaqın sánelerde «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» ilajların ótkeriw haqqında oylap kóriń, sebebi bul xabardarlıqtı asırıwğa járdem beretuğın ájayıp platforma bolıp tabıladı.

Ótinish, biz sizdi rásmiy BAK veb-saytı, Facebook hám Twitter kanallari arqalı qollap-quwatlay alıwımız ushın kampaniya menen baylanıslı hár qanday iskerligińiz haqqında bizge xabar beriń.

## 8.Paydalı baylanıs maǵlıwmatları

Tómende paydalı baylanıslar dizimi keltirilgen. "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" akciyası yamasa onı qalay qollap-quwatlawıńız haqqında sawallarıńız bolsa, bizge múrájaat etiń.


**Maria Batziou, EULAR Sekretariati**
**Proyekt kordinatori**

**Tel:** +30 694 623 2776
**Email:** Maria.Batziou@eular.org

**Birte Gluesing, EULAR Sekretariati**
**Proyekt menejeri**

**Tel:** +49 228 962 12 83
**Email:** B irte.Gluesing@eular.org

**Lydia Tchambaz, EULAR Sekretariati**
**Ijrochi direktor o'rinbosari**

**Tel:** +41 44 716 30 33
**Email:** Lydia.Tchambaz@eular.org

**Ursula Aring, EULAR Sekretariati**
**Aloqa menejeri**

**Tel:** +41 44 716 30 38
**Email:** Ursula.Aring@eular.org

**Kristina Opava, Karolinska instituti**
**Professori**

**Tel**: +46 8524 888 80
**Email**: Christina.opava@ki.se


**Bárshege járdemińiz ushın minnetdarshılıq bildiremiz!**

Biz siz benen bunnan bılay erte diagnostikalaw haqqında xabardarlıqtı asırıw hám RTKlerine shalıngan insanlardıń ómir súriw dárejesin jaqsılawǵa járdem beriw ushın birge islesiwdi kútip qalamız.

**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw #BúginBaylanısıń**

eular

fighting rheumatic & musculoskeletal diseases together

70 anniversary 1947 - 2017

HESH KESHIKTIRMEŃ, BÚGIN BAYLANISIŃ

# "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" kampaniyasına tiyisli qurallar toplamı

Qurallar toplamı haqqında túsinik beriw

**EULAR** baslaması menen ótkerilip atırǵan "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" akciyası, revmatizm hám tayanısh-háreket aǵzaları kesellikler in erte anıqlaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlew usıllarınan óz waqtında paydalanıw, insan hám jámiyetke tiygiziliwi múmkin bolǵan zıyan hám awırlıqlardıń aldın alıw múmkinligi haqqında eskertiwge qaratılǵan.

**Kampaniya** tabıslı ótiwi ushın bizge siziń járdemińiz zárúr. «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» – RTKlerine shalınǵan insanlardıń ómirin jaqsı tárepke ózgertetuǵın kúshli platforma bolıp, RTK menen baylanıslı bolǵan bárshenі – nawqaslar toparların, medicinalıq birlespeler hám densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı qánigelestirilgen uyımlardı – birden-bir maqset jolında jumıs alıp barıw ushın birlestiredi.

Bul qurallar toplamı, «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasınıń ulıwma kórinisin názerge usınıw menen birge, kampaniya hám nawqaslardı qollap-quwatlawǵa járdem beretuǵın tiykarǵı kórsetpe hám materiallardı óz ishine aladı. Sonday-aq, siz Pútkiljáhán Artrit Kúni ilajların keń kólemli kampaniya sheńberinde ótkeriw haqqında maǵlıwmat alıwıńız múmkin

Usı qızıqlı kampaniya ústinde siz benen birgelikte islewdi kútip qalamız. Siziń qollap-quwatlawıńız hám qosqan úlesińiz benen biz erterek diagnoz qoyıw hám emlew imkaniyatı ushın birgelikte jumıs alıp bara alamız!

## Qurallar toplamı quramı


1. EULAR haqqında
2. "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» akciyasınıń ulıwma kórinisi
3. "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» akciyasına tiyisli tiykarǵı xabarlar
4. Brending hám súwretler
5. "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" plakatı
6. Ilaj boyınsha kórsetpe
7. Sociallıq tarmaqlar boyınsha kórsetpeler
8. Pútkiljáhán artrit kúni
8. Paydalı baylanıs maǵlıwmatları
9. Qosımsha


**Revmatizm & tayanısh-háreket siste ması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw**
**#BúginBaylanısıń**

eular
fighting rheumatic & musculoskeletal diseases together
70 anniversary 1947 - 2017

HESH KESHIKTIRMEŃ, BÚGIN BAYLANISIŃ

eular | 70

Revmatizm & tayanich-háreket sistemasi keselliklerine qarsi birgelikte gúresiw

jilliǵi 1947 – 2017

## 1.0 EULAR haqqında

Revmatizmge qarsı Evropa ligasi (EULAR) – bul pútkil Evropa boylap artrit/revmatizm kesselligine shalıngan insanlar, densawlıqtı saqlaw tarawınıń revmatologiya boyınsha qánigeleri hám pútkil Evropa boylap revmatologiya boyınsha ilimiy jámiyetlerdi ózinde jámlegen kommerciyalıq emes shólkem bolıp tabıladı.

EULARdıń maqsetleri insan hám jámiyet ushın RTKleri aqıbetin páseytiw hám olardı emlew,aldın alıw hám reabilitaciya qılıwdı jaqsılawǵa qaratılǵan. Ol izertlew jetiskenlikleri hám RTKleri menen awırǵan insanlarǵa kúndelikli kútim beriwdi jetilistiriwdi propaganda qılıw hám Evropa basqarıw organları tárepinen RTKlerine shalınǵan insanlardıń mútájlikleri tán alınıwı ushın gúresedi.

EULAR aǵzaları quramına ilimiy jámiyetler, densawlıqtı saqlaw kásiplik uyımları, nawqaslar shólkemi, korporativ aǵzalar hám Evropa boylap RTKlerine shalınǵan insanlar kiredi

2017-jıl EULARdıń 70 jıllıǵına tuwrı keldi, yaǵnıy, ótkerilgen izertlewler hám medicinalıq qánigeler, shıpakerler hám nawqaslar arasındaǵı birge islesiwdıń 70 jıllıǵı belgilenedi.

Qosımsha maǵlıwmat ushın tómendegi saytqa kiriń: www.eular.org

## 2.0 "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń"

*«Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasınıń ulıwma kórinisi tómendegilerden ibarat:*

- *Kampaniyanıń maqsetleri*
- *Kampaniyanıń jergilikli hám global dárejede iske túsiriliwi*
- *Iskerligi xronologiyası*



### 2.1 "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" – degenimiz ne?

**"Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń»** – bul pútkil Evropa hám jergilikli masshtabta ámelge asırılatuǵın kampaniya bolıp, ol bársheni, atap aytqanda, medicinalıq qánigeler, shıpakerler, jámiyetshilik wákilleri, siyasatshılar hám nawqaslar toparların RTK lerin erte anıqlaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlew usıllarınan óz waqtında paydalanıw imkaniyatına iye bolıwǵa shaqıradı. Ulıwma maqset – RTKlerin tiykarǵı kesellikler hám pandemiya dárejesindegi xalıq salamatlıǵı mashqalası sıpatında atap kórsetiw; sonday-aq, erte diagnoz qoyıw hám óz waqtında emlewge kirisiw,insan hám jámiyet ushın keyingi zıyan hám awırlıqlardıń aldın alıw múmkin ekenligin kórsetiw.

Integraciyalasqan kampaniya RTKleri boyınsha jumıs alıp baratuǵın shıpakerler, densawlıqtı saqlaw sistemasındaǵı qánigelestirilgen uyımlar hám nawqaslar toparların bir-biri menen baylanıstırıp, erte diagnoz qoyıwdı keshiktiretuǵın tosqınlıqlardı alıp taslawǵa járdem beredi. Usı másele boyınsha Evropa hám jergilikli dárejedegi xabarlardı birlestiriw hám jetkeriw, ózgerislerge tásir etetuǵın kúshli platforma menen támiyinleydi.

Kampaniyanıń baslanıwı EULARdıń 70 jıllıǵına tuwrı keldi, yaǵnıy, ótkerilgen izertlewler hám medicinalıq qánigeler, shıpakerler hám nawqaslar arasındaǵı birge islesiwdiń 70 jıllıǵı belgilenedi.

### 2.2. Kampaniyanıń maqsetleri

"Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" kampaniyasınıń maqsetleri tómendegilerden ibarat:

- RTKlerin erte anıqlaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlew usıllarınan óz waqtında paydalanıw, bunnan bılay insan hám jámiyetke jetkeriletuǵın zıyan hám awırlıqlardıń aldın alıwdıń áhmiyetin atap kórsetiw.
- Erte diagnoz qoyıwdı keshiktiretuǵın tosqınlıqlardı joq qılıw. Adamlar buwınları awırǵanına onsha itibar bermeydi hám olar kóbinese kesellik belgileri payda bolıwı menen dárhal shıpaker yamasa densawlıqtı saqlaw qánigesine jolıqpaydı.
- Tek Evropanıń ózinde 120 millionnan artıq insanlarǵa tásir kórsetiwshi kóplegen RTK túrleri bar ekenligi haqqında keń jámiyetshilikti xabardar qılıw
- RTKleri hár qanday jasta payda bolıwı múmkinligi haqqında xabardarlıqtı asırıw – ásirese balalar hám jaslar zıyan kóriwi múmkin.

## 2.3. Kampaniyanıń iske túsiriliwi

**Global dárejede iske túsiriliwi**

“Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” kampaniyasınıń global dárejede iske túsiriliwi **14-iyun kúni EULAR**dıń Madridtegi Kongressinde bolıp ótedi. EULAR prezidenti, professor Gerd R. Burmester EULARK ongressiniń ashılıw máresiminde kongress delegatların kampaniya menen tanıstıradı.

Kampaniya haqqındağı mağlıwmatlar EULAR veb-saytına kirgiziledi.

**Jergilikli dárejede iske túsiriliwi**

Milliy ilajlar kampaniya tabısınıń tiykarın quraydı. Jergilikli dárejede tásir ótkeriw ushın bizge siziń járdemińiz zárúr!

Tómende mámleketińizde kampaniyanı ámelge asırıw boyınsha hár túrli ideyalarğa mısallar keltirilgen.

Ǵalaba informaciyalıq demonstraciya

- Demonstraciyanı jámiyetlik orınlarda ótkeriw kópshiliktiń itibarın ózine tartadı, bul keń jámiyetshilik arasında erte diagnostikalaw zárúrligi haqqındağı xabardarlıqtı asırıwdıń ájayıp usılı bolıp tabıladı.
- Hár qanday belgiler payda bolıwı menen shıpakerge yamasa densawlıqtı saqlaw tarawı qánigesine jolığıw úlken áhmiyetke iye process bolıp, sol sebepli keń jámiyetshilik usı kampaniyaning tiykarğı auditoriyası bolıp esaplanadı.
- Iskerligińiz haqqında jergilikli ǵalaba xabar quralların xabar berip, olar arqalı sáwlelendiriwińiz múmkin
- Ilajıńız haqqında mağlıwmattı sociallıq tarmaqlar arqalı tarqatıw múmkin
- Madridtegi ǵalabalıq ilajǵa mısal retinde 5.0 bólimine qarań

Densawlıqtı saqlaw tarawı qánigesi/shıpaker/siyasıy ilaj

- Tiykarğı mápdar táreplerdi tartıw ushın ánjuman yamasa dóńgelek stol sáwbetin ótkeriw
- Erte diagnostikalaw hám medicinalıq járdem alıwdıń áhmiyeti haqqındağı temalar menen tanıstırıwda tiykarğı bayanatshılardı qosıw, sonday-aq, tıńlawshılar uchın sawallar beriw imkaniyatın jaratıw
- Ilajǵa siyasatshılar, jurnalistler, shıpakerler hám densawlıqtı saqlaw tarawı qánigelerin mirát etiwińiz múmkin
- Bul máselede Portugaliyanıń Lissabon qalasında ámelge asırılǵan jumıslarǵa mısal retinde 5.3 bólimge qarań

Barlıq FABK (Fizikalıq Aktivlikti Bahalaw Kriteriyleri) shólkemleri ushın bir qatar aylıq vebinarlar (iyunnen-oktyabr ayına deyin) ótkeriledi, olar arqalı kampaniyanıń tabıslı iskerligi boyınsha ámeliy izertlew hám aldıngı tájriybeler mısalları menen bólisiledi. Basqalardı ilhamlandırıw maqsetinde óz tájriybeńiz hám izlenislerińiz benen bólisiwge shaqırıp qalamız!

eular
fighting rheumatic & musculoskeletal diseases together
70 anniversary 1947 - 2017

HESH KESHIKTIRMEŃ, BÚGIN BAYLANISIŃ

## 2.4 "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" kampaniyasınıń xronologiyası

Tómende usı jılǵı kampaniya iskerliginiń tiykarǵı sáneleri kórsetilgen:

**Sáneler:**

- **23-26 fevral:** FABK (Fizikalıq Aktivlikti Bahalaw Kriteriyleri) ánjumanı
- **Mart:** Qurallardı jetkerip beriw
- **13-iyun:** Madrid qalasınıń Atocha temir jol stanciyasında ótkerilgen «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» temasındaǵı ǵalabalıq ilaj
- **14-17 iyun:** Ispaniyanıń Madrid qalasında bolıp ótken EULAR kongressi
    - **14 iyun:** "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" Kampaniyası kongress delegatların járiyaladı
- **Iyun-Oktyabr:** FABK toparları menen aylıq vebinarlar
- **Avgust aqırı /sentyabr ayınıń bası:** Kampaniya videosı – tolıq maǵlıwmat ushın 14-betke qarań – embargoǵa iye FABK shólkemleri menen bólisiledi
- **12 oktyabr:** Pútkiljáhán artrit kúni
- **12 oktyabr:** Kampaniya videosı PAK veb-saytında hám EULAR/PAK sociallıq kanallarında kórsetiledi hám PARE jámiyeti tárepinen keń tarqatıladı.

## 3.0 «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasına tiyisli tiykarǵı xabarlar

Bul tekst túrinde tayarlanǵan tiykarǵı xabarlar EULARdıń barlıq FABK boyınsha aǵza shólkemleri ushın móljellengen bolıp, olardan tiykar sıpatında "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" temasındaǵı veb-saytlardı jańalaw, jańa saytlar, ǵalaba xabar quralları hám sociallıq tarmaqlar ushın materiallar tayarlawda paydalanıw múmkin. Olardan sonday-aq,ǵalaba xabar quralları arqalı sáwbetlesiwde paydalanıwǵa boladı.
Eger, waqtıńız jeterli bolmasa yamasa orın bolmasa, tiykarǵı xabarlarǵa járdemshi xabarlarǵa qaraǵanda kóbirek itibar beriń.

### Tiykarǵı xabarlar



- «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» akciyasınıń tiykarǵı maqseti – bul keń jámiyetshilik, densawlıqtı saqlaw tarawı qánigeleri, shıpakerler hám siyasatshılarǵa revmatizm hám tayanısh-háreket sisteması keselliklerin (RTK) erte diagnostikalaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlewden óz waqtında paydalanıw áhmiyeti haqqında maǵlıwmat beriw.
- Erte diagnoz qoyıw hám erte emlewge kirisiw, bunnan bılay RTKleriniń insan hám jámiyetke jetkiziletuǵın zıyan hám awırlıqlarınıń aldın alıw hám páseytiw tiykarı bolıp tabıladı.
- Máselen, eger revmatoid artrit belgileri anıqlanǵannan keyin 12 hápte ishinde-aq dári-dármaqlar menen emlew baslansa, bul waqıt ótiwi menen buwınlar jemiriliwin minimum dárejege alıp keliwi hám remissiya itimalın asırıwı múmkin[1].
- Evropa Awqamında, RTKlerine shalınǵan adamlardı erte diagnostikalaw keńirek engizilgende hár kúni qosımsha bir million xızmetker jumısta bolıwı múmkin bolar edi[2]
- "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń"- EULAR(Revmatizmge qarsı Evropa Ligası) baslaması bolıp, onı EULARǵa aǵza bolǵan barlıq tarmaqlar, atap aytqanda, ilimiy aǵza jámiyetler, densawlıqtı saqlaw sistemasındaǵı qánigelestirilgen uyımlar hám FABK shólkemleri qollap-quwatlawı menen birgelikte, tiykarǵı maqseti erte diagnostikalaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlewden óz waqtında paydalanıw áhmiyetin atap kórsetiwden ibarat.

**Járdemshi xabarlar**

- "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasınıń iske túsiriliwi EULARdıń 70 jıllıǵına tuwrı keldi, yaǵnıy, ótkerilgen izertlewler hám densawlıqtı saqlaw qánigeleri, shıpakerler, hám nawqaslar arasındaǵı birge islesiwdiń 70 jıllıǵı belgilenedi.
- Óz waqtında támiyinlengen maǵlıwmat, dene tárbiya shınıǵıwları hám artıqsha salmaqtı azaytıw, osteoartrit aqıbetinde kelip shıǵatuǵın awırıw, nágiranlıq hám joldas kesellikler qáwpin hámde buwınlardı operaciya jolı menen almastırıw zárúrligin páseytedi[3,4]
- Bul kesellikke shalınǵan 4 adamnan 3ewine fibromialgiya diagnozı qoyılmaǵan. Diagnoz qoyıwǵa orta esap penen 5 jıl waqıt ketedi[5]

---

[1] Van der Linden MP hám basqalar. Artrit kesselligine shalınǵan nawqaslarǵa diagnoz qoyıw keshigiwiniń uzaq múddetli tásiri. Artrit Rheum 2010; 62 (12): 3537-46

[2] Artrit penen islew. Artritti izertlewler. Ullı Britaniya. Paydalanıw ushın: http://www.arthritisresearchuk.org/policy-and-public-affairs/reports-and- resources/reports/work-report.aspx

[3] Altman RD. Osteoartritti erte emlew. Am J Managed Care 2010;16:S41-7

[4] Anandacoomarasamy A & March L. Osteoartritti emlew ushın házirgi dáliller. Ther Adv Musculoskel Dis 2010;2:17-28

[5] Revmatizm kesellikleri boyınsha sorawlar ham juwaplar. EULAR. Paydalanıw ushın derekler:http://www.eular.org/myUploadData/ files/Q-and-A-on-RMDs.pdf

- RTKlerine tek Evropanıń ózinde 120 millionnan artıq adamlar shalıngan – bul basqa kesellik toparlarına qaraǵanda ádewir kóp[6]
- RTKleri barlıq jastaǵı insanlarǵa, sol qatarda balalar hám nárestelerge tásir etedi, eger kerekli emlew proceduraları ótkerilmese, ol júriw, tekshege miniw, awqat pisiriw, jeke gigiena hám jumıs islew kibi kúndelikli islerge tásir kórsetip, ómir súriw dárejesin páseytedi, fizikalıq qábiletlerge tásir etedi[7]
- RTKlerine shalıngan adamlar arasında klinikalıq qorqınısh hám depressiya tarqalıwı, ulıwma xalıq arasında tarqalǵanına qaraǵanda shama menen eki ese kóbirek[8]
- Qosımsha maǵlıwmat ushın EULAR veb-saytına kiriń: www.eular.org

**Pútkiljáhán Artrit Kúnine tiyisli tiykarǵı xabarlar**

- Pútkiljáhán artrit kúni global dárejedegi baslama bolıp, EULARtárepinen basqarıladı hám biraz keńirek bolǵan "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" kampaniyasınıń bir bólimin quraydı.
- Pútkiljáhán artrit kúniniń maqseti – bul RTK lerine shalıngan insanlardıń mashqalaları haqqındaǵı xabardarlıqtı asırıw ushın adamlardı óz-ara birlestiriw bolıp, bul kún hár jılı 12 oktyabrde belgilenedi.
- Qosımsha maǵlıwmat ushın EULAR veb-saytına kiriń: www.worldarthritisday.org




[6] Revmatizm keselligi haqqında biliw zárúr bolǵan 10 nárse.
[7] EULAR. Paydalanıw ushın derekler: https://www.eular.org/myUploadData/files/10%20things%20on%20RD.pdf
[8] Geenen R hám basqalar. Revmatizm kesellikleri hám qorqınısh yamasa depressiyaǵa ushıraǵan nawqaslar menen psixologiyalıq islesiwler. Eń jaqsı ámeliyat hám izertlew, klinikalıq revmatologiya 2012;26:305–19

## 4.0 Brending hám súwretler

*Kampaniyanı qollap-quwatlaw maqsetinde tayarlanǵan materiallar formasın sáykeslestiriwińiz múmkin*

Ilajlar, onlayn hám basqa qálegen materiallarda paydalanıwıńız ushın akciya logotipi, oqıw beti (sayt), futbolkalar islep shıǵılǵan. Sáykeslestiriw/awdarma qılıw ushın joqarı anıqlıqtaǵı súwretler menen fayllar berilgen.

**Másláhát:** tiykarǵı (gilt) xabarlar materiallar nusqasın islep shıǵıwdı baslaw ushın ájayıp járdem bolıp tabıladı.

**Kampaniya logotipi**




**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw**
**#BúginBaylanısıń**

eular
fighting rheumatic & musculoskeletal diseases together
70 anniversary 1947 - 2017

HESH KESHIKTIRMEŃ, BÚGIN BAYLANISIŃ

# … SIZDI TASHWISHKE SALIP ATIRG'AN MASHQALALARININ'IZ HAQQINDA SHIPAKERININ'IZ MENEN SO'YLESIN'

Kesellikti jen'iwdin' birinshi basqishi bul **simptomlar haqqinda biliw.** Buwinlar ha'm bulshiq etlerdegi  barqulla awriw, ju'da sharshaw, qattilasiw ha'm depressiya siyaqli belgiler **Revmatik ha'm tayanish-ha'reket ag'zalari kesellikler (RTKler)** belgileri esaplanadi.

## REVMATIK HA'M TAYANISH – HA'REKET AG'ZALARI KESELLIKLERI – NE?

- **Revmatik ha'm tayanish- ha'reket ag'zalari kesellikler (RTKler)** termini fibromialgiya ha'm podagradan baslap revmatoidli artit ha'm qizil valchanka siyaqli tu'rli jag'daylardi o'z ishine aladi.
- RTKlerine tek Evropanıń ózinde **120 millionnan artıq adamlar** shalıngan. Ol **ba'rshe jastag'I** hayallar ha'm erkeklerge sonday aq, balalr ha'm na'restelerge ta'sir etedi.1
- Kesellikke erte diagnoz qoyiw kesellik asqiniwinin'  gilti esaplanadi, biraq Revmatik ha'm tayanish- ha'reket ag'zalari kesellikleri (RTK) ko'binese keshiktiriledi yaki uliwma qoyilmaydi.
- Eger kerekli emlew proceduraları ótkerilmese, ol kúndelikli islerge tásir kórsetip, ómir súriw dárejesin páseytedi, fizikalıq qábiletlerge tásir etedi.
- Ha'r qanday shag'imlarinin'iz ha'm mashqalalrinin'iz haqqinda shipakerinin'iz benen so'ylesin'.

"Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń"- EULAR(Revmatizmge qarsı Evropa Ligası) baslaması bolıp, onı EULARǵa aǵza bolǵan barlıq tarmaqlar, atap aytqanda, ilimiy aǵza jámiyetler, densawlıqtı saqlaw sistemasındaǵı qánigelestirilgen uyımlar hám FABK shólkemleri qollap-quwatlawı menen birgelikte, tiykarǵı maqseti erte diagnostikalaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlewden ózwaqtında paydalanıw áhmiyetin atap kórsetiwden ibarat.

## #BúginBaylanısın

**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw #BúginBaylanısıń**

## Futbolka shablonı







**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw**
**#BúginBaylanısıń**

eular
fighting rheumatic & musculoskeletal diseases together
70 anniversary 1947 - 2017

**Kampaniya logotipi**

# HESH KESHIKTIRMEŃ, BÚGIN BAYLANISIŃ

**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw**
**#BúginBaylanısıń**

# 5.0 Ilaj boyınsha kórsetpeler

*Bul bólim kampaniya ilajların rejelestiriw boyınsha kórsetpeler, sonıń menen birge, siz ótkermekshi bolǵan ilajlardıń ulıwma kórinisine mısallar ámeliyatınan kelip shıqqan halda*

«Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» ilajın rejelestiriw, kampaniya haqqındaǵı maǵlıwmattı keń jámiyetshilik hám RTK jámiyetleri arasında tarqatıwǵa járdem beredi. Tómende siz, Ispaniyanıń FABK topari, LIRE hám Portugaliya revmatizmge qarsı ligası tárepinen óz mámleketlerinde xabardarlıqtı asırıw maqsetinde rejelestirilip atırǵan ilajlarǵa eki mısal kóriwińiz hám usı mısallardan ilhamlanıp óz ilajıńızdı rejelestiriwińiz hám ótkeriwińiz múmkin.

Ilajdı shólkemlestiriwde sizge basqa jergilikli densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı qánigeler, medicinalıq jámiyetler hám nawqaslar shólkemi menen birge islesiwdi másláhát beremiz.

## 5.1 Ilajlar halatın úyreniw



Madrid qalasında ótkerilgen ilaj

Madrid qalasında 13-iyun kúni Madrid-Atocha temir jol vokzalında ilaj bolıp ótedi. Ol misli poezdlar baylanǵanlıǵı kibi óz waqtında baylanısıwdıń áhmiyetin hám óz waqtında baylanıspawdıń aqıbetin kórsetiwge qaratılǵan:siz poezd kibi óz baylanısıńızdı ornatıwıńız zárúr, al densawlıq boyınsha shaǵımıńız máselesinde shıpaker yamasa den sawlıqtı saqlaw qánigesi menen baylanısıwıńız úlken áhmiyetke iye.

Ilaj Ispaniyanıń nawqaslar shólkemi (LIRE) tárepinen, Sociedad Española de Reumatología hámIspaniya den sawlıqtı saqlaw sistemasınıń revmatologiya boyınsha qánigeleri uyımı (Open Reuma) menen birgelikte ótkeriledi.Bul keń jámiyetshilik wákilleri menen sáwbetlesiw ushın ájayıp imkaniyat boladı.

Ilajda oqıw materialları tarqatıladı hám xalıq ushın revmatologlar hám densawlıqtı saqlaw qánigeleri qatnasıwında biypul skriningler ótkeriledi.

Lissabondaǵı siyasiy dóńgelek stol sáwbeti

Lissabondaǵı FABK ánjumanı menen bir waqıtta, Portugaliya Revmatizmge Qarsı Ligası fevral ayında erte diagnostikalaw temasındaǵı siyasiy ánjuman ótkerdi. Ilajdıń maqsetleri tómendegilerden ibarat boldı:

- Siyasatshılar hám qarar qabıl etiwshiler arasında erte diagnostikalaw hám medicinalıq járdem alıw imkaniyatına iye bolıw áhmiyeti haqqında xabardarlıqtı asırıw
- Erte jantasıw milliy strategiyasınıń ekonomikalıq nátiyjeliligi haqqındaǵı dálillerdi názerge usınıw
- Pánler aralıq tarmaqtıń áhmiyetin tastıyıqlaw hám bekkemlew

Dóńgelek stol sáwbetiniń kún tártibi shablonın bul jerden tabıwıńız múmkin

Erte diagnostikalawdı hár tárepleme talqılawda bir qatar bayanatshılar qatnasıp, tıńlawshılar bolsa olarǵa hár túrli sawallar beriw imkaniyatına iye boldı. Ilajda bir qatar siyasatshılar, jurnalistler, shıpakerler, nawqaslar hám medicina tarawı qánigeleri qatnastı.

## 2. Óz ilajıńızdı ótkeriw haqqında



Ilajıńızdı shólkemlestiriw boyınsha tómendegi ayırım kórsetpelerdi tabıwıńız múmkin.

### 1. Jergilikli densawlıqtı saqlaw qánigeleri/ shıpakerler menen baslanǵısh jıynalıs ótkeriń.

Bul sizge ideyalar oylap tabıw hám ilajıńızdı shólkemlestiriw boyınsha birge islesiwge járdem beredi.

### 2. Shólkemlestiriletuǵın ilaj túrin belgileń

Siz aldınnan járiyalanǵan yamasa rejede joq ilajlardı Madridte ótkerilgen ilajǵa uqsatıp ótkeriwińiz múmkin. Sonday-aq, siz RTK átirapındaǵı siyasattı talqılaw ushın RTK boyınsha jámiyettiń tiykarǵı wákilleri qatnasıwında dóńgelek stol sáwbetin ótkeriwińiz múmkin.

### 3. Ilaj waqtın belgileń

Global dárejede kampaniyanıń iske túsiriliwi EULAR kongressinde bolıp ótedi, bir waqıttıń ózinde Ispaniyada da ótkeriledi. Jergilikli dárejedegi ilajdı úlken áhmiyetke iye bolǵan Pútkiljáhán artrit kúni yamasa milliy xabardarlıq kúninde ótkeriwdi usınıs etemiz.
Ilaj waqtı da oǵada áhmiyetke iye – siz ǵalabalıq ilajdı adamlar kóp jıynalatuǵın waqıtta ótkeriwińiz áhmiyetli. Máselen, siz ilajıńızdı temir jol stanciyasında ótkermekshi bolsańız, onı jolawshılar sanı kóp bolatuǵın waqıtqa tuwrılań. Barlıq tiykarǵı miymanlar hám bayanatshılardıń dóńgelek stol sáwbeti yamasa ánjumanda qatnasıwı támiyinleniwine itibar qaratıń.

### 4.Ilaj ótkeriletuǵın orındı belgileń

Ǵalabalıq ilaj

Eger siz ǵalabalıq ilaj ótkeriwdi rejelestirip atırǵan bolsańız, onı tómendegi orınlarda ótkeriw maqsetke muwapıq boladı:

- **Jámiyetlik orın** – qala ortasındaǵı maydan, jámiyetlik transport bándirgisi, sawda orayı, sport maydanshası yamasa park sıyaqlı orınlar
- Kópshilik jıynalatuǵın orınlar.**Iskerligińizge qansha kóp adam gúwa bolsa, RTKleri haqqında xabardarlıqtı sonshalıq dárejede asırıw múmkin.**
- Jollar, tosıqlar yamasa qatnasıwshılar túsip ketiwi múmkin bolǵan qáwipli jerlerden uzaqta bolıwı kerek.

**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw #BúginBaylanısıń**

- Barlıq jastağı adamlar ushın tuwrı keletuğın orınlar – **eger balalar qatnasıp atırğan bolsa, olar ushın juwapker bolğan úlkenler/ata-ana/oqıtıwshılardıń da qatnasıwı támiyinleniwine, hár qanday súwretke túsiriw/fotosúwretler olardıń ruxsatı menen alınıwına isenimli bolıń.**

Densawlıqtı saqlaw tarawı qánigesi/shıpaker/siyasiy ilaj

Eger siz dóńgelek stol sáwbeti yamasa ánjuman ótkeriwdi rejelestirip atırğan bolsańız:

- Májlisler zalı, ánjumanlar zalı yamasa usığan uqsas orındı;
- Bayanatshılar ushın ajıratılatuğın orın, tıńlawshılar ushın bolsa ánjuman (dóńgelek stol) átirapı yamasa auditoriya usılında jaylastırıwdı belgilep alıń.

**JAYLASTIRIW BOYINSHA MÁSLÁHÁTLER**

Jaylastırıwdı rejelestiriw waqtında tómendegilerge itibar beriń:

- Orınnıń qáwipsizligi menen baylanıslı mashqalalar joq pa?
- Ayrıqsha jağdaylarda shığıw jolın jawıp qoymaysız ba?
- Bul orında hár qanday audiovizuallıq (AV) úskenelerdi qollanıw múmkin be?
- Zárúr bolğanda saz ásbapları ushın elektr energiyası rozetkaları bar ma?
- Ilajdı ótkeriw ushın qaysı organnan ruxsat alıwıńız kerek (eger zárúr bolsa)?
- Jergilikli ishki isler uyımların ilaj haqqında xabardar qılıw zárúr me?
- Sizde ilajdı qaplaw ushın tiyisli qamsızlandırıw bar ma?
- Ilaj ótkeriletuğın orın jeterlishe jaqtı ma?
- Ilaj ótkeriletuğın orınnıń keńligi maqsetke muwapıq pa?
- Orın ushın ruxsatnama alıw ushın juwapkerli shólkem menen aldınnan baylanısıwdı umıtpań.

## 5. Adamlardı ilajıńızda qatnasıwğa mirát etiń

Ǵalabalıq ilaj

Ilajdı video/súwretke túsiriw hám basqa islerdi ámelge asırıw ushın volonter sıpatında járdem beretuğın adamlardı tabıń. Siz ózińizge jaqın jerdegi nawqaslar shólkemi hám aldıńğı ilajda qatnasqan adamlar menen birgelikte baslawıńız múmkin.Sonıń menen birge, siz shańarağıńız, doslarıńız, jergilikli jámáát toparları, jergilikli mektep hám basqa oqıw orınlarınan járdem sorawıńız múmkin. Álbette, ánjuman hám jıynalıslarda óz rejelerińiz haqqında aytıp, qatnasıwshılardı ilajda belsendilik penen qatnasıwğa shaqırıń.
Facebook te ilaj saytın jaratıp, oğan adamlardı mirát etiń. Sonday-aq,siz adamlardı elektron pochta, xat hám tekstli xabar arqalı mirát etiwińiz múmkin. Mirátnama qısqa, anıq hám ıqsham bolıwı hám tómendegi mağlıwmatlardan ibarat bolıwı lazım:

- Ilaj ótkeriletuğın orın, sáne hám waqıt
- Kiyiniw dress kodı boyınsha mağlıwmatlar (eger zárúr bolsa)

- Qatnasıwshılarǵa ilaj hám kampaniya haqqında esletpe hám jańalıqlardı jiberip turıw ushın olardan mirátnamaǵa juwap retinde baylanıs ushın maǵlıwmatlar sorań

- Siz benen baylanısıwı ushın adamlarǵa ózińizge tiyisli baylanıs ushın maǵlıwmatlardı beriń.

<u>Densawlıqtı saqlaw tarawı qánigesi/shıpaker/siyasıy ilaj</u>
RTKleri boyınsha jámiyet aǵzalarınıń qatnasıwına da kewil bóliń. Ilajıńızda qatnasatuǵın bayanatshılar sanı hám kimler qatnasatuǵını haqqında oylap, olarǵa aldınnan eskertip qoyıń. Siz adamlardı elektron pochta arqalı mirát etiwińiz múmkin. Mirátnamańız qısqa, anıq hám ıqsham bolıwı hám tómendegi maǵlıwmatlardan ibarat bolıwı lazım:

- Ilaj ótkeriletuǵın orın, sáne hám waqıt
- Jıynalıstıń kún tártibi
- Kiyiniw dress kodı boyınsha maǵlıwmatlar (eger zárúr bolsa)
- Qatnasıwshılarǵa ilaj hám kampaniya haqqında esletpe hám jańalıqlardı jiberip turıw ushın olardan mirátnamaǵa juwap retinde baylanıs ushın maǵlıwmatlar sorań
- Siz benen baylanısıwı ushın adamlarǵa ózińizge tiyisli baylanıs ushın maǵlıwmatlardı beriń.

## 6. Pressaǵa xabar beriń

Ilaj aldınan:

- Eger siz ǵalabalıq ilaj ótkermekshi bolsańız, ilajı barınsha kóbirek jergilikli ǵalabalıq qurallar/jurnalistler (atap aytqanda, baspa, onlayn hám offlayn esittiriw/TV ) menen baylanısıp, olardı ilajıńızǵa mirát etiń
- Siz birneshe siyasiy/densawlıqtı saqlaw tarawı menen baylanısı bar jurnalistlerdi jıynalıslarıńızǵa mirát etiwińiz múmkin
- Ǵalaba xabar quralları wákilleriniń ilajda qatnasıwı haqqında elektron pochta hám telefon qońırawı arqalı sorań

Usı kúni:

- "**Hesh keshiktirme**ń**, búgin baylanısı**ń**"** akciyası haqqındaǵı press-relizler, maǵlıwmatlar hám ayırım fotosúwretlerdi ǵalaba xabar quralların (ilajda qatnasqan, sonday-aq, qatnasa almaytuǵın ǵalaba xabar quralların da) jiberiń

**Eger siziń fotosúwretlerińiz/videolarıńızda balalar bolsa, olardı tarqatıwdan aldın ata-anasınan ruxsat alıwdı umıtpań.**



THE BLOG

**Arthritis Is for Old People, Right?**

28/04/2016 14:43

150

Simon Stones

Consumer health advocate and researcher in the UK

You'd be surprised how many times I've heard, "but you're too young to have arthritis" or "my granny has that!" Surprisingly, arthritis in children is more common than you may think - in the UK, 1 in 1000 children under the age of 16 will be living with the condition every single day. Having had arthritis from the age of three, it's hard to imagine what my life would be like without it.

Growing up with "an older person's disease" made me grow up quickly. Having to think about treatments and hospital appointments made me much more organised than your average kid. I look back on my childhood with happy memories, despite living with mobility problems. Although the drugs I was prescribed were great at improving my symptoms, they had significant side effects, one even gave me a 'moon face' - not the most flattering look for a teenage boy!

Due to the limitations of living with arthritis as a young person, I was unable to participate in contact sports, as my joints would quite easily dislocate at the drop of a hat. As a result, I've never really been your typical lad. It's a bit of a long running joke now between friends. Simon and sport are never in the same sentence! Although I laugh it off, I am physically unable to do lots of sports - I'd be fit for nothing if I did. It's still important to keep active however, and so I try to go swimming as often as I can, as this doesn't put any pressure on my joints.




## 6.0 Ǵalaba xabar quralları menen islesiw tártibi

*Bul bólimde ǵalaba xabar quralları menen islesiw tártibi boyınsha kórsetpeler, sonıń menen birge, press-relizler hám ámeliy izertlewler islep shıǵıw boyınsha másláhátler berilgen.*

RTKlerin erte diagnostikalaw hám emlew usıllarınan óz waqtında paydalanıwdıń áhmiyeti haqqındaǵı informaciyanıń ǵalaba xabar qurallarında sáwleleniwin támiyinlew zárúr. Siz ótkerip atırǵan hár qanday ilajdıń maqsetlerin hám xabardarlıqtı sáwlelendiriwde ǵalaba xabar quralları oǵada áhmiyetli orın tutadı. Biz sizge jergilikli dárejedegi "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" temasındaǵı ilajlar haqqında xabardarlıqtı asırıwda milliy hám sociallıq media iskerliginen birgelikte (7.0-bólimge qarań) paydalanıwdı usınıs etemiz.

## 6.1 Press-relizlerdi tayarlaw

Ǵalaba xabar quralları menen baylanısıw maqsetinde siz "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" kampaniyası haqqında qısqasha press-relizler tayarlawıńız múmkin. Bul aldınnan xabar beriw, ilajǵa itibar qaratıwdıń jáne bir paydalı usılı bolıp esaplanadı.

Jurnalistlerdiń qaysi biri siz rejelestirgen iskerligińiz ushın kóbirek sáykes keliwi haqqında oylap kóriń, máselen, ǵalabalıq baǵdarlamaǵa ǵalaba xabar quralların tartıw ushın ájayıp imkaniyat bolsa, siyasiy dóńgelek sáwbeti siyasiy hám densawlıqtı saqlaw tarawına tiyisli xabar qurallarında kóbirek qızıǵıwshılıq oyatıwı múmkin.

Tómende berilgen ayırım kórsetpeler press-relizge dúzetiwler kirgizip atırǵanıńızda kerekli maǵlıwmatlardı óz ishine alıwǵa járdem beredi:

**ESTE TUTÍŃ:**
1 hám 2-bántler oǵada áhmiyetli, sebebi, kóp hallarda jurnalistler press-relizdiń tek bas jaǵın hám birinshi paragrafın oqıwı múmkin.

1. Press-reliz basındaǵı kiris sóz qızıqlı hám temaǵa sáykes bolıwı tiyis.
2. Birinshi paragraf ilajıńızdıń mánis-mazmunı, iskerligińizdiń tiykarǵı detalları, máselen, "kim, ne, ne ushın, qanday, qay jerde hám qashan" sıyaqlı sorawlarǵa juwaplardı óz ishine alıwı kerek.

**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw #BúginBaylanısıń**

1. Eger press-relizdiń maqseti jámiyetshilikti qatnasıwǵa tartıwdan ibarat bolsa, onda olar ne maqsette qatnasıwı kerek ekenligin jáne bir márte tákirarlań
2. Keyingi paragrafta RTKlerin erte diagnostikalaw haqqında tolıq maǵlıwmat beriń. Kampaniyanıń tiykarǵı xabarlarında fakt hám sanlardı tabıw múmkin. Ilajı bolsa, siz de óz mámleketińizge tiyisli fakt hám sanlardı kirgiziwińiz lazım.
3. Bayanatıńızdaǵı faktlerdi janlandırıw ushın tiykarǵı bayanatshılardıń sózlerin qosıń.
4. Jergilikli iskerligińiz – Evropa masshtabındaǵı "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" baslamasınıń bir bólegi ekeni haqqında aytıp ótiń."Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" kampaniyası haqqında maǵlıwmat beriń.
5. Erte diagnoz qoyıw hám emlew imkaniyatı áhmiyetin ayrıqsha atap kórsetip, «háreketke shaqırıwshı» úndew sózleri menen juwmaqlań.
6. Press-relizdiń tiykarǵı bóliminen soń, «Redaktorǵa esletpeler» den atalǵan bólimdi qosıwıńız múmkin. Bul tómendegi paragraflardı óz ishine aladı:
   - «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyası haqqında – Mısal tekstin «EULAR 2017 kampaniyası: Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» bóliminen tabıwıńız múmkin.
   - «[Shólkemińiz ataması] haqqında» – shólkemińiz, onıń veb-sayt mánzili hám baylanıs maǵlıwmatları haqqında informaciya qaldırıń.
   - «EULAR haqqında» – sıyaqlı sózlerdi «EULAR haqqında» bóliminen tabıwıńız múmkin

## 6.2 Erte diagnostikalaw boyınsha ámeliy izertlewler menen támiynlew



Siz jurnalistlerge RTKlerine shalınǵan insanlar menen sáwbetlesip, olardan intervyu alıw sıyaqlı imkaniyattı usınǵan halda, kampaniyańızdı turmısqa engiziwge járdem beriwińiz múmkin. Nawqaslardıń jeke tájriybelerin baspada járiyalaw itimalı ápiwayı sóylesiwge qaraǵanda kóbirek. Egerde jurnalist intervyu ótkermekshi bolsa, sáwbetleslerińizden jeke tájriybelerine tiykarlanıp, «háreketke shaqırıw» dı sorap, olarǵa aldınnan bul haqqında informaciya beriwińiz kerek. Sáwbetlesińiz ózin qolaylı sezip atırǵanına isenimli bolıw maqsetinde, oǵan «sáwbette qatnasıwdan quwanıshlısız ba?» degen soraw beriń. Sonday-aq, bul olarǵa tómendegi sawalnama sorawlarına juwap beriwge járdem beredi.

- RTK belgilerin qashan seze basladıńız?
- Sizge qashan RTK diagnozı qoyıldı?
- Diagnoz qoyıwdıń uzaqlıǵı RTK menen jasaǵan tájriybeńizge qanday tásir kórsetti?
- RTKleri menen jasaw turmıs dárejesine qanday tásir kórsetti?
- «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kibi baslamalar RTK menen baylanıslı jámáátlerge qanday járdem beredi?
- Qalay oylaysız, erte diagnostikalaw RTKlerine shalınǵan adamlarǵa payda keltireme?
- RTK diagnostikası, xabardarlıǵı hám qadaǵalanıwı kóz-qarasınan jámiyetshilik qanday sharalar kóriwin qáler edińiz?
- Siyasatshılardıń RTKlerin erte diagnostikalaw hám olardı qadaǵalaw boyınsha qanday sharalar kóriwin qáler edińiz?

## 7.0 Sociallıq tarmaqlar

Bul bólimde sociallıq tarmaqlardan qalay paydalanıw, sonıń menen birge, sociallıq media kontenti kalendarları hám janlı videolar islep shıǵıw boyınsha kórsetpeler berilgen.







- Sociallıq media kanallarınan paydalanıwdı usınıs etemiz. Ásirese Facebook kúshli platforma bolıp, kampaniya haqqındaǵı xabardı tarqatıwǵa hám jámiyetshilik itibarın RTKlerine tartıwǵa járdem beredi. «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» akciyası menen baylanıslı barlıq sociallıq tarmaq kontentleri #ConnectToday xeshteginen paydalanıwı lazım.
- Kontent kalendarın jaratıw sizge sociallıq tarmaqtaǵı iskerligińizdi aldınnan rejelestiriwge kómeklesedi hám postlardıń turaqlı túrde almasıp turıwın támiyinleydi. Sociallıq tarmaq kalendarın sazlaw ańsat:
- Hár aydaǵı kúnlerdi kórsetip turatuǵın Excel elektron kestesin yamasa Word hújjetin jaratıń
- Hár kúngi yamasa háptede úsh márte sociallıq tarmaqlar ushın post (lar) tayarlań hám olardı jiberiw rejelestirilgen waqıttı belgileń
- Hápteniń túrli kúnlerinde hár qıylı temanı talqılaw kibi postlarıńızdı hár túrli kóriniste tayarlawıńız múmkin. Máselen: dúysembi = RTKleri hám erte diagnostikalaw haqqındaǵı tiykarǵı statistika hám faktleri, siyshembi = Siyshembi Eń Jaqsı Másláhátleri, sárshembi= motivaciyalıq postlar
- Kampaniya iskerliginiń eń joqarı shoqqısında sociallıq tarmaqtaǵı háreketlerińizdi ámelge asırǵanıńızǵa isenimli bolıń. «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyası iske túsiriliwi hám 12 oktyabrdegi Pútkiljáhán Artrit kúni tuwrı keletuǵın háptede kóbirek postlar qoyıwdı rejelestiriń
- Postlarıńızǵa qanday súwret hám videolar qospaqshı ekenińizdi oylap kóriń. Súwret hám videolar kópshiliktiń itibarın tartıw ushın xızmet qıladı
- Siz óz postlarıńızǵa basqa shólkemleri menen maǵlıwmat almasıw maqsetinde veb-sayt siltemelerin qosıp ketiwińiz múmkin – bul bunnan bılay RTK leri hám erte diagnostikalaw áhmiyeti haqqında sociallıq tarmaqtaǵı toparlardı xabardar qılıwǵa járdem beredi

- Kampaniyanı iske túsiriwden aldın sociallıq tarmaqlardağı ózgertiwge bolatuğın tizer postlarına ayırım mısallar:
  - *RTKlerin erte diagnostikalaw bunnan bılay olar jetkeretuğın zıyan hám awırlıqlardıń aldın alıw ushın áhmiyetli! #BúginBaylanısıń*
  - *Densawlıqtı saqlaw qánigesi yamasa shıpakerińizge jolığıwdan qansha waqıt aldın ózińizde RTK belgilerin sezdińiz? Tómende kórsetiń...*
- Kampaniya iske túsirilgennen soń, siz tikkeley kampaniya haqqında xabar menen post qaldırıwıńız múmkin, máselen:
  - *Biz SIZ di RTKlerin erte diagnostikalawdıń áhmiyeti haqqında xabardarlıqtı asırıwğa jàrdem beriwge shaqıramız. Járdemińizdi kórsetiw ushın bul posttı tarqatıń! #BúginBaylanısıń*
  - *Erte diagnostikalaw keleshekte RTKler tásiriniń aldın alıw ushın sheshiwshi áhmiyetke iye. Hesh keshiktirmesten, ilajı barınsha tezirek shıpakerińizge jolığıń. #BúginBaylanısıń*

Sonday-aq, siz ilajıńızda janlı video jaylastırıwıńız múmkin, máselen, Facebook-ta «Facebook Live» yamasa Twitter-de janlı video.

- Janlı videolar siziń sociallıq tarmaq kanalıńız (Facebook yamasa Twitter) arqalı uzatıladı hám siziń saytıńızdağı barlıq paydalanıwshılarğa kórsetiledi.
- Siz qálegen jerde, qálegen waqıtta «janlı efirge ótiwińiz múmkin». Biz reje dúzip, kimdi/neni kórsetiw haqqında oylap kóriwdi másláhát beremiz. Qatnasıwshılardı tartıw ushın ruxsatnamalar alıw hám brifing hújjetlerin toplaw kerek. Sonday-aq,adamlar baqlap barıwı ushın qısqasha scenariy yamasa sáwbet temaların jaratıwıńız múmkin.
- Qosımsha mağlıwmat ushın Facebook janlı efirine kiriń: https://live.fb.com/golive/
- Twitter degi janlı efir haqqında kóbirek mağlıwmat alıw ushın: https://support.twitter.com/articles/20175092

## 8.0 Pútkiljáhán artrit kúni

*Bul bólimde 2017 jıldağı Pútkiljáhán artrit kúni iskerligine tiyisli mağlıwmatlar berilgen bolıp, olar elede keńirek bolğan «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasına sáykes túrde sáwlelendirilgen.*

PÚTKILJÁHÁN ARTRIT KÚNI
12 OKTYABR

Pútkiljáhán artrit kúni (PAK) – bul revmotoid artrit hám osteoartrit kibi kópshilikke jaqınnan tanıs bolğan keselliklerden baslap, fibromiyalgiya kibi RTKlerdiń onsha tanıs emes formaları menen awırğan insanlar mashqalaları haqqında xabardarlıqtı asırıwda adamlardı óz-ara birlestiretuğın global baslama bolıp tabıladı. Hár jılı 12-oktyabr Pútkiljáhán artrit kúni dep tán alınğan. PAK elede keńirek bolğan «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasınıń bir bólimi bolıp tabıladı.

PAK maqsetleri:

- Medicinalıq jámiyetler, RTKlerine shalınğan insanlar hám keń jámiyetshilik arasında RTK leri haqqındağı xabardarlıqtı asırıw
- Qarar qabıl qılıwshılardı RTKleriniń aqıbeti hám olardı jeńillestiriw boyınsha kóriletuğın shara-ilajlar haqqında xabardarlıqtı asırıw arqalı ğalabalıq siyasatqa tásir ótkeriw
- RTKlerine shalınğan adamlar hám olardıń tiyisli ğamxorlıq alıwı ushın móljellengen keń kólemli qollap-quwatlaw sisteması haqqında xabardar qılıw

**Pútkiljáhán artrit kúni menen baylanıslı háreketler orayında – kampaniya videoroligin tayarlaw hám tarqatıw salmaqlı orın tutadı.**




Video adamlardı densawlıqtı saqlaw tarawı qánigesi hám shıpaker menen erte baylanıs ornatıwğa úndeydi hám erte diagnoz qoyıw hám durıs emlew áhmiyetin jáne bir márte tastıyıqlaydı. Bul video PAK veb-saytında hám jámiyetlik media kanallarda 12 oktyabrden baslap kórsetile baslaydı hám jergilikli iskerlikte paydalanıwıńız ushın usınıladı (12 oktyabrge shekem embargo astında).

Pútkiljáhán artrit kúni yamasa oğan jaqın sánelerde «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» ilajların ótkeriw haqqında oylap kóriń, sebebi bul xabardarlıqtı asırıwğa járdem beretuğın ájayıp platforma bolıp tabıladı. Xabardarlıqtı asırıwshı kúshli platformanı jaratıw maqsetinde «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» ilajın Pútkiljáhán Artrit Kúnine ótkeriwdi kórip shığıń. 5.0 bólimde ğalaba xabar quralları menen islew hámde 7.0 bólimde kampaniyańızdı qollap-quwatlawda sociallıq tarmaqlardan paydalanıw tártibi boyınsha qosımsha mağlıwmatlardı tabıwıńız múmkin.

Ótinish, biz sizdi rásmiy BAK veb-saytı, Facebook hám Twitter kanallari arqalı qollap-quwatlay alıwımız ushın kampaniya menen baylanıslı hár qanday iskerligińiz haqqında bizge xabar beriń.



## 9.0.Paydalı baylanıs maǵlıwmatları

Tómende paydalı baylanıslar dizimi keltirilgen. "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" akciyası yamasa onı qalay qollap-quwatlawıńız haqqında sawallarıńız bolsa, bizge múrájaat qılıń.


**Maria Batziou, EULAR Sekretariati**
**Proyekt kordinatori**
**Tel:** +30 694 623 2776
**Email:** Maria.Batziou@eular.org

**Birte Gluesing, EULAR Sekretariati**
**Proyekt menejeri**
**Tel:** +49 228 962 12 83
**Email:** B irte.Gluesing@eular.org

**Lydia Tchambaz, EULAR Sekretariati**
**Ijrochi direktor o'rinbosari**
**Tel:** +41 44 716 30 33
**Email:** Lydia.Tchambaz@eular.org

**Ursula Aring, EULAR Sekretariati**
**Aloqa menejeri**
**Tel:** +41 44 716 30 38
**Email:** Ursula.Aring@eular.org


**Bárshege járdemińiz ushın minnetdarshılıq bildiremiz!**

Biz siz benen keleshekte erte diagnostikalaw haqqında xabardarlıqtı asırıw hám RTKlerine shalıngan insanlardıń ómir súriw dárejesin jaqsılawǵa járdem beriw ushın birge islesiwdi kútip qalamız.

**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw #BúginBaylanısıń**

10.0 Qosımsha

**Lissabondağı siyasiy dóńgelek stol sáwbeti kún tártibi**

- **09:30 – 10:00:** Dizimnen ótiw/Sálemlesiw
- **10:00 – 10:05:** Xosh keldińiz/ánjuman kiris sózi – Moderator
- **10:05 – 10:10**: Kiris sóz
- **10:10 – 10:25:** Erte múrájaat etiw boyınsha Evropa jantasıwı
- **10:25 – 10:40:** Erte diagnoz qoyıwda densawlıqtı saqlaw qánigesiniń roli
- **10:40 – 10:55:** Portugaliyada revmatolog kórigine erte jolıǵıw
- **10:55 – 11:10:** RTKleriniń densawlıqtı saqlawdaǵı ornı
- **11:10 – 11:25:** Portugaliyada RTK aqıbetlerin jeńiw ushın húkimet jantasıwı
- **11:25 – 11:40**: Orınlanıwı kerek bolǵan jumıslar
- Hár bir prezentaciyadaǵı tiykarǵı xabarlar haqqında 2 minuttan pikir júrgiziw
- **11:40 – 12:20**: Dóńgelek stol sáwbeti
- **12:20 – 12:30**: Juwmaqlawshı sózler, erisilgen nátiyjelerdi atap ótiw.

eular
fighting rheumatic & musculoskeletal diseases together
70 anniversary 1947 - 2017

HESH KESHIKTIRMEŃ, BÚGIN BAYLANISIŃ

## “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” kampaniyasına tiyisli qurallar toplamı

## Ilimiy jámiyetshilik

**Qurallar toplamı haqqında túsinik beriw**

**EULAR baslaması menen ótkerilip atırǵan “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” akciyası, revmatizm hám tayanısh-háreket aǵzaları keselliklerin erte anıqlaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlew usıllarınan óz waqtında paydalanıw, bunnan bılay insan hám jámiyetke tiygiziliwi múmkin bolǵan zıyan hám awırlıqlardıń aldın alıw múmkinligi haqqında eskertiwge qaratılǵan.**

Kampaniya tabıslı ótiwi ushın bizge siziń járdemińiz zárúr. «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» – RTKlerine shalınǵan insanlardıń ómirin jaqsı tárepke ózgertetuǵın kúshli platforma bolıp, RTK menen baylanıslı bolǵan bársheni – nawqaslar toparların, medicinalıq birlespeler hám densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı qánigelestirilgen uyımlardı – birden-bir maqset jolında jumıs alıp barıw ushın birlestiredi.

Bul qurallar toplamı, «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasınıń ulıwma kórinisin názerge usınıw menen birge, kampaniya hám nawqaslardı qollap-quwatlawǵa járdem beretuǵın tiykarǵı kórsetpe hám materiallardı óz ishine aladı.

Usı qızıqlı kampaniya ústinde siz benen birgelikte islewdi kútip qalamız. Siziń qollap-quwatlawıńız hám qosqan úlesińiz benen biz erterek diagnoz qoyıw hám emlew imkaniyatı ushın birgelikte jumıs alıp bara alamız!

Qurallar toplamı quramı

1. EULAR haqqında
2. “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” akciyasınıń ulıwma kórinisi
3. “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” akciyasına tiyisli tiykarǵı xabarlar
4. Brending hám súwretler
5. “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” erte diagnostikalaw derek qollanbası
6. Ilaj boyınsha kórsetpe
7. Sociallıq tarmaqlar boyınsha kórsetpeler
8. Pútkiljáhán artrit kúni
9. Paydalı baylanıs maǵlıwmatları

**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw**
**#BúginBaylanısıń**

## 1.0 EULAR haqqında

Revmatizmge qarsı Evropa ligası (EULAR) – bul pútkil Evropa boyınsha artrit/ revmatizm menen awırǵan insanlar, revmatologiya tarawındaǵı densawlıqtı saqlaw qánigeleri hám Evropa boyınsha revmatologiya ilimiy jámiyetlerin ózinde jámleytuǵın kommerciyalıq emes shólkem bolıp tabıladı.

EULARdıń maqsetleri insan hám jámiyet ushın RTKleri awırlıǵın páseytiw hám olardı emlew, aldın alıw hám reabilitaciya qılıw islerin jaqsılawǵa qaratılǵan. Ol izertlew jetiskenliklerin hám RTKlerine shalınǵan insanlarǵa kúndelikli kútim beriw jumısları jetilistiriliwin propaganda qılıw hám Evropa basqarıw organları tárepinen RTKlerine shalınǵan insanlardıń mútájlikleri tán alınıwı ushın gúresedi.

EULAR aǵzaları quramına ilimiy jámiyetler, densawlıqtı saqlaw kásiplik uyımları, nawqaslar shólkemi, korporativ aǵzalar hám Evropa boylap RTKlerine shalınǵan insanlar kiredi.
Qosımsha maǵlıwmat ushın tómendegi saytqa kiriń: www.eular.org

eular
fighting rheumatic & musculoskeletal diseases together
70 anniversary 1947 - 2017

HESH KESHIKTIRMEŃ, BÚGIN BAYLANISIŃ

## 2.0 “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń”

*«Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasınıń ulıwma kórinisi tómendegilerden ibarat:*

- *Kampaniyanıń maqsetleri*
- *Kampaniyanıń jergilikli hám global dárejede iske túsiriliwi*
- *Iskerligi xronologiyası*

### 2.1 “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” – degenimiz ne?

“Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» – bul pútkil Evropa hám jergilikli masshtabta ámelge asırılǵan kampaniya bolıp, ol bársheni, atap aytqanda, medicinalıq qánigeler, shıpakerler, jámiyetshilik wákilleri, siyasatshılar hám nawqaslar toparların RTKlerin erte anıqlaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlew usıllarınan óz waqtında paydalanıw imkaniyatına iye bolıwǵa shaqıradı. Ulıwma maqset – RTKlerin tiykarǵı kesellikler hám pandemiya dárejesindegi xalıq salamatlıǵı mashqalası sıpatında atap kórsetiw; sonday-aq, erte diagnoz qoyıw hám óz waqtında emlewge kirisiw, insan hám jámiyet ushın keyingi zıyan hám awırlıqlardıń aldın alıw múmkin ekenligin kórsetiw.
RTKlerin erte diagnostikalaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlew usıllarınan óz waqtında paydalanıw imkaniyatına iye bolıwǵa shaqıradı.

### 2.2 Kampaniyanıń maqsetleri

“Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” kampaniyasınıń maqsetleri tómendegilerden ibarat:

- RTKlerin erte anıqlaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlew usıllarınan óz waqtında paydalanıw, bunnan bılay insan hám jámiyetke jetkeriletuǵın zıyan hám awırlıqlardıń aldın alıwdıń áhmiyetin atap kórsetiw.
- Kesellik aqıbetiniń aldın alıw maqsetinde, keselliklerdi ilajı bolǵanınsha erte hám durıs anıqlaw hám emlew ushın densawlıqtı saqlaw tarawı qánigelerin oqıtıw arqalı járdem beriw (revmatologiya mektebine muwapıq halda)
- RTKlerin erte diagnostikalaw boyınsha EULAR másláhátlerinen paydalanıw.
- Erte diagnoz qoyıwdı keshiktiretuǵın tosqınlıqlardı joq qılıw. Adamlar buwınları awırǵanına onsha itibar bermeydi hám olar kóbinese kesellik belgileri payda bolıwı menen dárhal shıpaker yamasa densawlıqtı saqlaw qánigesine jolıqpaydı.
- Nawqaslardıń ózleriniń jeke mútájliklerinen kelip shıqqan halda, RTKlerin optimal dárejede diagnostikalaw hám emlew xızmetlerin alıwında olardı qollap-quwatlawdı kúsheytiw.

## 2.3 Kampaniyanıń iske túsiriliwi

### Global dárejede iske túsiriliwi

“Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” kampaniyasınıń global dárejede iske túsiriliwi **14-iyun kúni EULAR**dıń Madridtegi Kongressinde bolıp ótedi. EULAR prezidenti, professor Gerd R. Burmester EULAR Kongressiniń ashılıw máresiminde kongress delegatların kampaniya menen tanıstıradı.

Bul keleshekte global ilajlar, EULAR veb-saytında kampaniya haqqındağı mağlıwmatlardı jańalap turıw hám press-relizler arqalı qollap-quwatlanadı.

### Jergilikli dárejede iske túsiriliwi

Global dárejedegi iske túsiriw bir qatar milliy dárejede ámelge asırılatuğın ilajlar menen qollap-quwatlanadı. Milliy iskerlikke mısallar tómendegilerden ibarat:

Lissabondağı siyasiy dóńgelek stol sáwbeti

Lissabondağı FABK (Fizikalıq Aktivlikti Bahalaw Kriteriyleri) ánjumanı menen bir waqıtta, Portugaliya Revmatizmge Qarsı Ligası fevral ayında erte diagnostikalaw temasındağı siyasiy ánjuman ótkerdi. Ilajdıń maqsetleri tómendegilerden ibarat edi:

- Siyasatshılar hám qarar qabıl etiwshiler arasında erte diagnostikalaw hám medicinalıq járdem alıw imkaniyatına iye bolıw áhmiyeti haqqında xabardarlıqtı asırıw
- Erte jantasıw milliy strategiyasınıń ekonomikalıq nátiyjeliligi haqqındağı dálillerdi názerge usınıw
- Pánler aralıq tarmaqtıń áhmiyetin tastıyıqlaw hám bekkemlew

Xabardı tarqatıw hám usı áhmiyetli temanı talqılawğa járdem beriw maqsetinde, ilajda siyasatshılar, jurnalistler, shıpakerler, nawqaslar hám medicina tarawı qánigeleri qatnastı. Erte diagnostikalawdı hár tárepleme talqılawda bir qatar bayanatshılar qatnasıp, tıńlawshılar bolsa olarğa hár túrli sawallar beriw imkaniyatına iye boldı.

Madridte ótkerilgen ilaj

Madridte 13-iyun kúni Madrid-Atocha temir jol vokzalında pilot ilajı bolıp ótedi. Ol misli poezdlar baylanğanlığı kibi óz waqtında baylanısıwdıń áhmiyetin hám óz waqtında baylanıspawdıń aqıbetin kórsetiwge qaratılğan. Álbette siz poezd kibi óz baylanısıńızdı ornatıwıńız zárúr, al den sawlığıńız boyınsha shağımıńız máselesinde shıpaker yamasa densawlıqtı saqlaw qánigesi menen baylanısıwıńız úlken áhmiyetke iye.
Ilaj Ispaniyanıń nawqaslar shólkemi (LIRE) tárepinen, Sociedad Española de Reumatología hámIspaniya densawlıqtı saqlaw sistemasınıń revmatologiya boyınsha qánigeleri uyımı (Open Reuma) menen birgelikte ótkeriledi.Erte diagnostikalaw, óz waqtında dálillerge tiykarlanğan emlew hám RTKleriniń jámiyetke tásiri haqqındağı xabardarlıqtı asırıw maqsetinde keń jámiyetshilik wákilleri menen sáwbetlesiw ushın ájayıp imkaniyat boladı. Oqıw materialları tarqatıladı.

eular
fighting rheumatic & musculoskeletal diseases together
70 anniversary 1947 - 2017

HESH KESHIKTIRMEŃ, BÚGIN BAYLANISIŃ

## Kóp tarmaqlı vebinarlar

EULARdıń úsh ústini bolǵan – densawlıqtı saqlaw tarawı qánigeleri, ilimiy hám nawqaslar shólkemi ushın eki kóp tarmaqlı vebinar (mart hám may aralıǵında) ótkeriledi.

Hár bir vebinar 1 saattan ibarat bolıp, EULAR basshılıǵında Web Ex arqalı uzatıladı hám birdey quram hám bayanatshılardan ibarat boladı. Eki vebinar da túrli waqıt zonalarındaǵı qatnasıwshılar menen sáykeslestirilgen halda ótkeriledi.

Vebinarlarda (densawlıqtı saqlaw qánigeleri, shıpakerler hám nawqaslar shólkemleri) erte diagnostikalaw hám shıpakerge erte jolıǵıwdıń áhmiyeti haqqındaǵı temalar hár túrli kóz-qarastan talqılanadı. Siz usı vebinarlar haqqındaǵı tolıq maǵlıwmattı EULARdıń rásmiy mirátnaması arqalı alıwıńız múmkin. Eger qatnasa almasańız, sessiyanı keyinirek júklep alıwıńız múmkin.

### 2.1 “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” kampaniyasınıń xronologiyası

Tómende bul jılǵı kampaniya iskerliginiń tiykarǵı sáneleri kórsetilgen:

**Sáneler:**

- **Mart:** Qurallardı jetkerip beriw
- **14-17 iyun:** Ispaniyanıń Madrid qalasında bolıp ótken EULAR kongressi
  - **14 iyun:** “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” kampaniyası kongressi delegatların járiyaladı
  - «RTKlerin erte diagnostikalaw boyınsha EULAR usınısları» basılımı (TBC)
- **12 oktyabr:** Pútkiljáhán artrit kúni

## 3.0 «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasına tiyisli tiykarǵı xabarlar

Bul tekst túrinde tayarlanǵan tiykarǵı xabarlar barlıq ilimiy jámáátler ushın móljellengen bolıp, olardan "Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" temasında pikir almasıw yamasa kampaniya háreketleri kibi ilajlardı islep shıǵıwda paydalanıw múmkin.
Eger, waqtıńız jeterli bolmasa yamasa orın bolmasa, tiykarǵı xabarlarǵa járdemshi xabarlarǵa qaraǵanda kóbirek itibar beriń.

**Tiykarǵı xabarlar**

- «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasınıń tiykarǵı maqseti – bul keń jámiyetshilik, densawlıqtı saqlaw tarawı qánigeleri, shıpakerler hám siyasatshılarǵa revmatizm hám tayanısh-háreket sisteması keselliklerin (RTK) erte diagnostikalaw hám emlewden óz waqtında paydalanıw áhmiyeti haqqında maǵlıwmat beriw.
- Erte diagnoz qoyıw hám erte emlew imkaniyatı bunnan bılay RTK leriniń insan hám jámiyetke jetkiziletuǵın zıyan hám awırlıqlarınıń aldın alıw hám páseytiw tiykarı bolıp tabıladı.
    - Máselen, eger revmatoid artrit belgileri anıqlanǵannan keyin 12 hápte ishinde emlew baslansa, bul waqıt ótiwi menen buwınlar jemiriliwin minimum dárejege alıp keliwi hám remissiya itimalın asırıwı múmkin[1]
    - Bul kesellikke shalınǵan 4 adamnan 3ewine fibromialgiya diagnozı qoyılmaǵan. Diagnoz qoyıwǵa orta esap penen 5 jıl waqıt ketedi[2]
    - Psoriatik artritti erte anıqlaw hám emlew kesellik aqıbetleri jaqsılanıwına alıp keledi[3]
- RTKlerine shalınǵan adamlar arasında klinikalıq qorqınısh hám depressiya tarqalıwı, ulıwma xalıq arasında tarqalǵanına qaraǵanda shama menen eki ese kóbirek[4]

"Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń" – EULAR(Revmatizmge qarsı Evropa Ligası) baslaması bolıp, onı EULARǵa aǵza bolǵan barlıq tarmaqlar, atap aytqanda, ilimiy aǵza jámiyetler, densawlıqtı saqlaw sistemasındaǵı qánigelestirilgen uyımlar hám FABK shólkemleri qollap-quwatlawı menen birgelikte, tiykarǵı maqseti erte diagnostikalaw hám dálillerge tiykarlanǵan emlewden óz waqtında paydalanıw áhmiyetin atap kórsetiwden ibarat.

**Járdemshi xabarlar**

- Xalıqtıń qartayıw dárejesi artıp baratırǵanı esabınan 2035 jılǵa kelip, revmatoid artrittiń tarqalıw halatları kóbeyiwi kútilmekte.

---

[1] Van der Linden MP hámbasqalar. Artrit kesselligine shalınǵan nawqaslarǵa diagnoz qoyıw keshigiwiniń uzaq múddetli tásiri. Artrit Rheum 2010; 62 (12): 3537-46
[2] Arnold, L.M., Klau, D.J. hám basqalar. Fibromialgiyanıń tán alınıwı hám diagnostikasın jaqsılaw. (2011) 86(5): 457-464
[3] Kirkham, B, de Vlam K et al., Early treatment of psoriatic arthritis is associated with improved patient- reported outcomes: findings from the etanercept PRESTA trial. (2015) 33(1): 11-9
[4] Geenen R hám basqalar. Revmatizm kesellikleri hám qorqınısh yamasa depressiyaǵa ushıraǵan nawqaslar menen psixologiyalıq islesiwler. Eń jaqsı ámeliyat hám izertlew, klinikalıq revmatologiya 2012;26:305–19

- RTKlerine tek Evropanıń ózinde 120 millionnan artıq adamlar shalınǵan – bul basqa kesellik toparlarına qaraǵanda ádewir kóp[5]
- RTKleri barlıq jastaǵı insanlarǵa, sol qatarda balalar hám nárestelerge tásir etedi, eger kerekli emlew proceduraları ótkerilmese, ol júriw, tekshege miniw, awqat pisiriw, leke gigiena hám jumıs islew kibi kúndelikli islerge tásir kórsetip, ómir súriw dárejesin páseytedi, fizikalıq qábiletlerine tásir etedi[6]
- Egerde Evropa Awqamında, RTKlerine shalınǵan adamlardı erte diagnostikalaw keńirek engizilgende hár kúni qosımsha bir million xızmetker jumısta bolıwı múmkin bolar edi[7]
- Kampaniyanıń iske túsiriliwi EULARdıń 70 jıllıǵına tuwrı keldi, yaǵnıy, ótkerilgen izertlewler hám densawlıqtı saqlaw qánigeleri, shıpakerler hám nawqaslar arasındaǵı birge islesiwdiń 70 jıllıǵı belgilenedi.
- Qosımsha maǵlıwmat ushın EULAR veb-saytına kiriń: www.eular.org

**Pútkiljáhán Artrit Kúnine tiyisli tiykarǵı xabarlar**

- Pútkiljáhán artrit kúni global dárejedegi baslama bolıp, EULAR tárepinen basqarıladı hám biraz keńirek bolǵan “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” kampaniyasınıń bir bólimin quraydı.
- Pútkiljáhán artrit kúniniń maqseti – bul RTKlerine shalınǵan insanlardıń mashqalaları haqqındaǵı xabardarlıqtı asırıw ushın adamlardı óz-ara birlestiriw bolıp, bul kún hár jılı 12 oktyabrde belgilenedi.
- Qosımsha maǵlıwmat ushın EULAR veb-saytına kiriń: www.worldarthritisday.org

[5] Revmatizm kesellikleri boyınsha sorawlar ham juwaplar. EULAR. Paydalanıw ushın derekler:http://www.eular.org/ myUploadData/ files/Q-and-A-on-RMDs.pdf
[6] Kirkham, B, de Vlam K hám basqalar. Psoriatik artritti erte emlew nawqaslar jaǵdayı jaqsılanıwı nátiyjeleri menen baylanıslı: etanercept PRESTA sınawınan alınǵan nátiyjeler (2015) 33(1): 11-9
[7] Artrit penen islew. Artrit izertlewleri. Ullı Britaniya. Paydalanıw ushın: http://www.arthritisresearchuk.org/policy-and- public-affairs/reports-and-resources/reports/work-report.aspx

## 4.0 Brending hám súwretler

*Kampaniyanı qollap-quwatlaw maqsetinde tayarlanǵan materiallar formasınan paydalanıwıńız yamasa onı sáykeslestiriwińiz múmkin*

Siz rejelestirip atırǵan ilajlarda paydalanıwıńız ushın kampaniya logotipi islep shıǵılǵan. Sáykeslestiriw/awdarma qılıw ushın joqarı anıqlıqtaǵı súwretler menen fayllar berilgen.

Másláhát: tiykarǵı (gilt) xabarlar materiallar islep shıǵıwdı baslaw ushın ájayıp járdem bolıp tabıladı.

**Kampaniya logotipi**

HESH KESHIKTIRMEŃ, BÚGIN BAYLANISIŃ

eular
fighting rheumatic & musculoskeletal diseases together
70 anniversary 1947 - 2017

HESH KESHIKTIRMEŃ, BÚGIN BAYLANISIŃ

## 5.0 RTKleriniń diywal diagramması

Nawqaslardı qabıl etiw waqtında paydalanıwıńız múmkin bolǵan diywal diagramması islep shıǵıldı.

Bul súwretleri menen berilgen fayllar awdarma qılıw hám sáykeslestiriw ushın móljellengen.

Olardı nawqaslardıń shaǵımları menen tanısıwda járdemshi sıpatında basıp shıǵarıwıńız hám klinikańız diywalına ildirip qoyıwıńız múmkin.



## 6. Ilaj boyınsha kórsetpe

*Bul bólimde kampaniya ilajların rejelestiriw boyınsha kórsetpeler, sonıń menen birge, siz ótkermekshi bolǵan ilajlar túrinde mısallar keltirilgen.*

«Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» baǵdarlamasın qollap-quwatlaw maqsetinde, ilajdı rejelestiriw yamasa qollap-quwatlawdı qáleseńiz siz kampaniya haqqındaǵı maǵlıwmattı RTK jámiyetleri arasında tarqatıwǵa járdem beriwińiz múmkin.

Ilajdı shólkemlestiriwde sizge jergilikli densawlıqtı saqlaw tarawı qánigeleri, medicinalıq jámiyetler hám nawqaslar shólkemi menen birge islesiwdi másláhát beremiz.

Sonday-aq, siz jergilikli FABK shólkemi menen baylanısıp, olar jámiyetshilikti xabardar qılıw ilajın rejelestirip atırǵanı haqqında biliwińiz hám olarǵa beriletuǵın járdemińiz haqqında anıqlıq kirgiziwińiz múmkin. Mámleketińizde ilajdı qollap-quwatlaw yamasa ótkeriw boyınsha tómendegi ayırım kórsetpelerdi tabıwıńız múmkin.

**8.2 Jergilikli FABK shólkemi tárepinen ótkeriletuǵın ilajlardı qollap-quwatlaw**

Eger siziń jergilikli FABK shólkemińiz jámiyetshilikti xabardar qılıw ilajın ótkerip atırǵan bolsa, ilimiy jámiyet tárepinen járdem beriwdiń bir neshe jolları bar:

1. Jergilikli FABK shólkemi menen baylanısıp, olardıń rejeleri haqqında xabardar bolıń.
2. Erte diagnostikalaw boyınsha birge islesiw haqqında ótkeriletuǵın baslańǵısh dodalawlarda qatnasıń.
3. Jergilikli FABK shólkemleri tárepinen ilaj qollanbaları tayarlanıwı processinde, erte diagnostikalaw boyınsha paydalı izertlew maǵlıwmatları menen bólisiń.
4. Ilaj hám ǵalaba xabar qurallarında sóz sóylew ushın ilimiy wákil sıpatında shıǵıw haqqında oylap kóriń

**8.3 Óz ilajıńızdı ótkeriw haqqında**

*Tómende óz ilajıńızdı shólkemlestiriw boyınsha ayırım kórsetpelerdi tabıwıńız múmkin:*

**1. Jergilikli densawlıqtı saqlaw qánigeleri/shıpakerler menen baslanǵısh jıynalıs ótkeriń.**

Bul sizge ideyalar oylap tabıw hám ilajıńızdı shólkemlestiriw boyınsha birge islesiwge járdem beredi.

**2. Shólkemlestiriletuǵın ilaj túrin belgileń**

Siz óz mámleketińizde RTKlerin erte diagnostikalaw hám emlew máselelerin talqılaw maqsetinde RTK boyınsha jámiyettiń tiykarǵı wákilleri qatnasıwında dóńgelek stol sáwbetin ótkeriwińiz múmkin:

- Ánjuman yamasa dóńgelek stol sáwbetin ótkeriw arqalı mápdar táreplerdi, pikirleslerińizdi hám basqa densawlıqtı saqlaw qánigelerin tartıw arqalı erte diagnostikalaw ushın úlken imkaniyatlar jaratıwıńız múmkin
- Erte diagnostikalaw hám medicinalıq járdem alıwdıń áhmiyeti haqqındaǵı temalar menen tanıstırıwda tiykarǵı bayanatshılardı qosıń,sonday-aq, tıńlawshılar uchın sawallar beriw imkaniyatın jaratıń.
- Siz erte diagnostikalaw boyınsha sońǵı izertlew nátiyjeleri hám tiyisli statistikalıq maǵlıwmatlar menen bólisiwińiz múmkin
- Siz ilajda qatnasıwshılardıń dıqqatların belgili bir tema yamasa jaǵdayǵa yaki biraz keńirek bolǵan barlıq RTK túrlerin erte diagnostikalaw temasına qaratıwıńız múmkin

- Ilaj sheńberinde qatnasıwshılardı kishi toparlarǵa ajıratıp, aqılıy hújim yamasa diskussiyadan ibarat sekciyalıq sabaqlar hám seminarlar ótkeriwińiz múmkin
- Siz ilajǵa siyasatshılardı, jurnalistlerdi hám densawlıqtı saqlaw qánigelerin mirát etiwińiz múmkin
- Buniń ushın mısal retinde 2.3. bólimde kórsetilgen Portugaliyanıń Lissabon qalasında ámelge asırılǵan jumıslardı keltiriń.
-

## 3.Ilaj ótkeriletuǵın waqıttı belgileń

Global dárejede kampaniyanıń iske túsiriliwi EULAR kongressinde (14-iyun kúni) bolıp ótedi, bir waqıttıń ózinde Ispaniyada da ótkeriledi. Jergilikli dárejedegi ilajdı úlken áhmiyetke iye bolǵan Pútkiljáhán artrit kúni yamasa milliy xabardarlıq kúninde ótkeriwdi usınıs etemiz.

Ilaj waqtı da oǵada áhmiyetke iye – barlıq tiykarǵı miymanlar hám bayanatshılardıń dóńgelek stol sáwbeti yamasa ánjumanda qatnasıwı támiyinleniwine itibar qaratıń.

## 4. Ilaj ótkeriletuǵın orındı belgileń

Eger siz dóńgelek stol sáwbeti yamasa ánjuman ótkeriwdi rejelestirip atırǵan bolsańız:

- Májlisler zalı, ánjumanlar zalı yamasa usıǵan uqsas orındı;
- Bayanatshılar ushın ajıratılatuǵın orın, tıńlawshılar ushın bolsa ánjuman (dóńgelek stol) átirapı yamasa auditoriya usılında jaylastırıwdı belgilep alıń.
- Ilajıńız sheńberinde qatnasıwshılardı kishi toparlarǵa ajıratıp, ótkeriw ushın jeterlishe orın hám stol-stullar bolıwın inabatqa alıń.
-

## 5. Adamlardı ilajıńızda qatnasıwǵa mirát etiń

RTKleri boyınsha jámiyet aǵzalarınıń qatnasıwına da kewil bóliń. Ilajıńızda qatnasatuǵın bayanatshılar sanı hám kimler qatnasatuǵını haqqında oylap, olarǵa aldınnan eskertip qoyıń.

Siz adamlardı elektron pochta arqalı mirát etiwińiz múmkin.
Mirátnamańız qısqa, anıq hám ıqsham bolıwı hám tómendegi maǵlıwmatlardan ibarat bolıwı lazım:

- Ilaj ótkeriletuǵın orın, sáne hám waqıt
- Jıynalıstıń kún tártibi
- Kiyiniw dress kodı boyınsha maǵlıwmatlar (eger zárúr bolsa)
- Mirátnamada ózińiz benen baylanısıw ushın kerekli maǵlıwmatlardı kórsetiń, mirát etilip atırǵan adamlar menen baylanısıw ushın zárúr maǵlıwmatlardı sorań.

## 7.0 Pútkiljáhán artrit kúni

*Bul bólimde 2017 jıldaǵı Pútkiljáhán artrit kúni iskerligine tiyisli maǵlıwmatlar berilgen bolıp, olar elede keńirek bolǵan «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasına sáykes túrde sáwlelendirilgen.*

Pútkiljáhán artrit kúni (PAK) – bul revmotoid artrit hám osteoartrit kibi kópshilikke jaqınnan tanıs bolǵan keselliklerden baslap, fibromialgiya kibi RTKlerdiń onsha tanıs emes formaları menen awırǵan insanlar mashqalaları haqqında xabardarlıqtı asırıwda adamlardı óz-ara birlestiretuǵın global baslama bolıp tabıladı.
Hár jılı 12-oktyabr Pútkiljáhán artrit kúni dep tán alınǵan. PAK elede keńirek bolǵan «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» kampaniyasınıń bir bólimi bolıp tabıladı.

PAK maqsetleri:

- Medicinalıq jámiyetler, RTKlerine shalınǵan insanlar hám keń jámiyetshilik arasında RTKleri haqqındaǵı xabardarlıqtı asırıw
- Qarar qabıl qılıwshılardı RTKleriniń aqıbeti hám olardı jeńillestiriw boyınsha kóriletuǵın shara-ilajlar haqqında xabardarlıqtı asırıw arqalı ǵalabalıq siyasatqa tásir ótkeriw
- RTKlerine shalınǵan adamlar hám olardıń tiyisli ǵamxorlıq alıwı ushın móljellengen keń kólemli qollap-quwatlaw sisteması haqqında xabardar qılıw

**Pútkiljáhán artrit kúni menen baylanıslı háreketler orayında – kampaniya videoroligin tayarlaw hám tarqatıw salmaqlı orın tutadı.**

Video adamlardı densawlıqtı saqlaw tarawı qánigesi hám shıpaker menen erte baylanıs ornatıwǵa úndeydi hám erte diagnoz qoyıw hám durıs emlew áhmiyetin jáne bir márte tastıyıqlaydı. Bul video PAK veb-saytında hám sociallıq media kanallarda 12 oktyabrden baslap kórsetile baslaydı hám jergilikli iskerlikte paydalanıwıńız ushın usınıladı (12 oktyabrge shekem embargo astında).

Pútkiljáhán artrit kúni yamasa oǵan jaqın sánelerde «Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń» ilajların ótkeriw haqqında oylap kóriń, sebebi bul xabardarlıqtı asırıwǵa járdem beretuǵın ájayıp platforma bolıp tabıladı.

Ótinish, biz sizdi rásmiy PAK veb-saytı, Facebook hám Twitter kanallari arqalı qollap-quwatlay alıwımız ushın kampaniya menen baylanıslı hár qanday iskerligińiz haqqında bizge xabar beriń.

## 8.0 Paydalı baylanıs mağlıwmatları

Tómende paydalı baylanıslar dizimi keltirilgen. “Hesh keshiktirmeń, búgin baylanısıń” akciyası yamasa onı qalay qollap-quwatlawıńız haqqında sawallarıńız bolsa, bizge múrájaat etiń.


**Maria Batziou, EULAR Sekretariati**
**Proyekt kordinatori**
**Tel:** +30 694 623 2776
**Email:** Maria.Batziou@eular.org

**Birte Gluesing, EULAR Sekretariati**
**Proyekt menejeri**
**Tel:** +49 228 962 12 83
**Email:** B irte.Gluesing@eular.org

**Lydia Tchambaz, EULAR Sekretariati**
**Ijrochi direktor o’rinbosari**
**Tel:** +41 44 716 30 33
**Email:** Lydia.Tchambaz@eular.org

**Ursula Aring, EULAR Sekretariati**
**Aloqa menejeri**
**Tel:** +41 44 716 30 38
**Email:** Ursula.Aring@eular.org


**Bárshege járdemińiz ushın minnetdarshılıq bildiremiz!**

Biz siz benen keleshekte erte diagnostikalaw haqqında xabardarlıqtı asırıw hám RTKlerine shalıngan insanlardıń ómir súriw dárejesin jaqsılawǵa járdem beriw ushın birge islesiwdi kútip qalamız.

**Revmatizm & tayanısh-háreket sisteması keselliklerine qarsı birgelikte gúresiw**
**#BúginBaylanısıń**

100179. Toshkent shahar, 2-Chimboy ko‘chasi,
Talant tor ko‘chasi, 3-uy (RIPIATM)

+99871 229-38-40

+99855 503-06-82

pediatry.uz
Republican Specialized Scientifical Practical Medical
Center of Pediatrics
http//pediatriya.uz